

BASA ARGOT WONTEN ING DHUSUN DENGUNG TRIDADI SLEMAN

SKRIPSI

Katuraken dhumateng Jurusan Bahasa Daerah
Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pendadaran
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



Dening

Lestari Andayani

NIM 11205244049

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2017

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan Basa *Argot* Wonten Ing Dhusun Denggung Tridadi
Sleman menika sampun angsal palilah dening *pembimbing* kangge dipunuji
wonten *pendadaran*.



Yogyakarta, Oktober 2017

Dosen Pembimbing

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Siti Mulyani M.Hum", is written over the printed name.

Dra. Siti Mulyani M.Hum

NIP. 19620729 198703 2 002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Basa Argot Wonten ing Dhusun Denggung Tridadi Sleman* menika sampun dipunandharaken wonten *pendadaran* sangajengipun dewan penguji ing tanggal 27 Oktober 2017 saha dipuntetepaken lulus

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dra. Siti Mulyani, M.Hum	Ketua Penguji		7/11-2017
Sri Hertanti Wulan, S. Pd, M. Hum.	Sekretaris Penguji		7/11-2017
Drs. Hardiyanto, M.Hum	Penguji Utama		07/11-2017

Yogyakarta, 7 November 2017

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Dr. Widyastuti Purbani, M. A.

NIP.196 10524 199001 2 001

WEDHARAN

Ingang tandha tangan ing ngandhap menika, kula:

Nama : Lestari Andayani

NIM : 11205244049

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa


Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *skripsi* menika minangka asiling panaliten kula piyambak. Miturut pangertosan ingkang kula tampi, *skripsi* menika boten sami kaliyan ingkang kaserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pethik sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *skripsi* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kula serat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukti bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 7 November 2017

Panyerat



Lestari Andayani

NIM. 11205244049

SESANTI

Bismillahirrohmanirrokhim

PISUNGSUNG

Skripsi menika kula aturaken dhateng Bapak Suparman saha Ibu Tuyem, tiyang
sepuh kekalih ingkang sanget kula tresnani.

PRAWACANA

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha welas asih, awit welas ashipun panaliten kanthi irah-irahan “Basa *Argot* Wonten Ing Dhusun Denggung Tridadi Sleman” saged kaimpun kangge njangkepi sarat anggayuh gelar sarjana pendidikan.

Seratan skripsi menika saged kawujud awit panyengkuyung saking sedaya pihak wiwit purwa dumugi paripurnaning skripsi menika. Pramila saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M. Pd minangka rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat *skripsi* menika.
2. Ibu Dr. Widyastuti Purbani, M. A minangka dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring idin anggenipun kula nyerat *skripsi* menika.
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M. Hum minangka pangarsa jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pandom dhumateng kula anggenipun ngangsu kawruh wonten jurusan Pendidikan Bahasa dan Seni.
4. Ibu Prof Dr Dra Suharti M.Pd minangka Penasehat Akademik ingkang sampun sabar anggenipun bimbing kula ngangsu kawruh wonten jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
5. Ibu Dra. Siti Mulyani M.Hum., minangka dosen pembimbing ingkang sampun paring bimbingan, wewarah, ilmu, saha panjurung kanthi wicaksana.
6. Bapak saha Ibu dosen jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh dhumateng panyerat.

7. Tiyang sepuh kula Bapak Suparman saha Ibu Tuyem ingkang sampun paring panyengkuyung, pambiyantu saha pandonga dhateng panyerat.
8. Bapak Drs Sudaryono saha Ibu Suwarni ingkang sampun paring pandonga, pambiyantu saha panyengkuyung dhateng panyerat.
9. Kanca-kanca kulawarga Sanggar Langit Melynda, Eni, Vika, Nia, Akbar, Atania ingkang sampun paring pandonga, pambiyantu saha panyengkuyung dhateng panyerat.
10. *Pihak-pihak* sanes ingkang boten saged kula sebutaken setunggal mbaka setunggal ingkang sampun paring pandonga, panyengkuyung saha pambiyantu anggenipun nyerat *skripsi* menika.

Tamtu kemawon panyeratan *skripsi* menika dereng saged dipunwastani sampurna. Pramila sedaya pamanggih, panyaruwe saha pamrayogi dipuntampi kanthi jembaring manah kangge sarana sampurnanipun *skripsi* menika. Mugi-mugi seratan menika saged mupangati dhateng ingkang maos *skripsi* menika.

Yogyakarta, 7 November 2017

Panyerat



Lestari Andayani

PRATELAN ISI

IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN.....	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
PRATELAN ISI	ix
PRATELAN <i>TABEL</i>	xvi
PRATELAN LAMPIRAN	xvii
PRATELAN CEKAKAN.....	xviii
SARINING PANALITEN.....	xix
BAB I. PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	4
C. Watesaning Perkawis	5
D. Wosing Perkawis	5
E. Ancasing Panaliten.....	6
F. Paedahing Panaliten	6
G. Pangertosan	6
BAB II. GEGARAN TEORI	8
A. Sociolinguistik.....	8
B. Variasi Basa	9
1. Variasi Basa Saking Segi Panutur.....	9
a. Variasi basa <i>dialek</i>	10
b. Variasi basa <i>sosiolek</i>	10
c. Variasi basa <i>fungsiolek</i>	11
d. Variasi basa <i>kronolek</i>	12

2.	Variasi basa saking Segi <i>Keformalan</i>	12
a.	<i>Ragam Beku (frozen)</i>	12
b.	<i>Ragam Resmi (formal)</i>	13
c.	<i>Ragam Usaha (konsultatif)</i>	14
d.	<i>Ragam Santai (casual)</i>	14
e.	<i>Ragam Akrab (intimate)</i>	14
3.	Variasi saking Segi Sarana.....	15
C.	Peranganing Tuturan.....	17
D.	Basa <i>Argot</i>	19
E.	Wujudipun tembung-tembung <i>argot</i>	20
a.	<i>Akronim</i>	21
b.	<i>Singkatan</i>	23
F.	Panganggening basa <i>argot</i>	25
a.	Ndadosaken lucu	25
b.	Ngandharaken pasemon	26
c.	Nyingidaken sawijining perkawis	26
d.	Damel tetembungan ingkang dipunanggep kasar dados keningal langkung alus.....	26
e.	Nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah.....	27
f.	Ngandharaken panyaruwe utawi <i>kritik</i>	27
G.	Panaliten Inggang Jumbuh.....	28
H.	Nalaring Pikir.....	29
BAB III. CARANIPUN PANALITEN		31
A.	Jinising Panaliten	31
B.	<i>Subjek, objek</i> saha dhata panaliten.....	31
C.	Cara Ngempalaken Dhata	32
D.	Pirantosing Panaliten	33
E.	Cara Nganalisis <i>Data</i>	34
F.	Validitas saha Reliabilitas.....	35
BAB IV. ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN		37
A.	Asiling Panliten.....	37

B. Pirembagan	52
1. Wujud <i>akronim</i>	52
a. <i>Akronim 2</i> tembung	52
1) <i>Akronim 2</i> tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan	53
a) <i>Akronim 2</i> tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> ndadosaken lucu	53
b) <i>Akronim 2</i> tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> ngandharaken pasemon	55
c) <i>Akronim 2</i> tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> damel tetembungan ingkang kasar dados ketingal langkung alus	56
2) <i>Akronim 2</i> tembung wanda wiwitan – wanda pungkasan..	57
a) <i>Akronim 2</i> tembung wanda wiwitan – wanda pungkasan ingkang gadhah <i>fungsi</i> nyingidaken sawijining prekawis	58
3) <i>Akronim 2</i> tembung wanda pungkasan – wanda pungkasan	59
a) <i>Akronim 2</i> tembung wanda pungkasan – wanda pungkasan ingkang gadhah <i>fungsi</i> ndadosaken lucu ..	59
b) <i>Akronim 2</i> tembung wanda pungkasan – wanda pungkasan ingkang gadhah <i>fungsi</i> damel tetembungan ingkang kasar dados ketingal langkung alus	61
c) <i>Akronim 2</i> tembung wanda pungkasan – wanda pungkasan ingkang gadhah <i>fungsi</i> nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah.....	62
d) <i>Akronim 2</i> tembung wanda pungkasan – wanda pungkasan ingkang gadhah <i>fungsi</i> ngandharaken panyaruwe utawi kritik	63
b. <i>Akronim 3</i> tembung	65

1) <i>Akronim</i> 3 tembung wanda wiwitan - wanda wiwitan - wanda wiwitan	65
a) <i>Akronim</i> 3 tembung wanda wiwitan - wanda wiwitan - wanda wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> nyingidaken sawijining prekawis.....	65
b) <i>Akronim</i> 3 tembung wanda wiwitan - wanda wiwitan - wanda wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> damel tetembungan ingkang kasar dados ketingal langkung alus	68
c) <i>Akronim</i> 3 tembung wanda wiwitan - wanda wiwitan - wanda wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> ngandharaken panyaruwe utawi kritik.....	69
2) <i>Akronim</i> 3 tembung wanda wiwitan - wanda wiwitan - wanda pungkasan.....	70
a) <i>Akronim</i> 3 tembung wanda wiwitan - wanda wiwitan - wanda pungkasan ingkang gadhah <i>fungsi</i> nyingidaken sawijining prekawis	70
b) <i>Akronim</i> 3 tembung wanda wiwitan - wanda wiwitan - wanda pungkasan ingkang gadhah <i>fungsi</i> damel tetembungan ingkang kasar dados ketingal langkung alus	72
c) <i>Akronim</i> 3 tembung wanda wiwitan - wanda wiwitan - wanda pungkasan ingkang gadhah <i>fungsi</i> nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah	73
3) <i>Akronim</i> 3 tembung wanda wiwitan - wanda pungkasan - wanda pungkasan.....	74
a) <i>Akronim</i> 3 tembung wanda wiwitan - wanda pungkasan - wanda pungkasan ingkang gadhah <i>fungsi</i> nyingidaken sawijining prekawis.....	74
4) <i>Akronim</i> 3 tembung wanda pungkasan - wanda pungkasan - wanda pungkasan	76

a) <i>Akronim</i> 3 tembung wanda pungkasan - wanda pungkasan - wanda pungkasan ingkang gadhah <i>fungsi</i> nyingidaken ndadosaken lucu	76
c. <i>Akronim</i> 4 tembung	77
1) <i>Akronim</i> 4 tembung wanda wiwitan - wanda wiwitan - wanda wiwitan – wanda wiwitan.....	78
a) <i>Akronim</i> 4 tembung wanda wiwitan - wanda wiwitan - wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> nyingidaken ndadosaken lucu	78
b) <i>Akronim</i> 4 tembung wanda wiwitan - wanda wiwitan - wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> ngandharaken panyaruwe utawi kritik	79
2) <i>Akronim</i> 4 tembung wanda wiwitan - wanda wiwitan - wanda wiwitan – wanda pungkasan	81
a) <i>Akronim</i> 4 tembung wanda wiwitan - wanda wiwitan - wanda wiwitan – wanda pungkasan ingkang gadhah <i>fungsi</i> nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah.....	81
3) <i>Akronim</i> 4 tembung wanda wiwitan - wanda pungkasan - wanda wiwitan – wanda pungkasan	82
a) <i>Akronim</i> 4 tembung wanda wiwitan - wanda pungkasan - wanda wiwitan – wanda pungkasan ingkang gadhah <i>fungsi</i> nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah	83
4) <i>Akronim</i> 4 tembung wanda pungkasan - wanda pungkasan - wanda pungkasan – wanda pungkasan.....	84
a) <i>Akronim</i> 4 tembung wanda pungkasan - wanda pungkasan - wanda pungkasan – wanda pungkasan ingkang gadhah <i>fungsi</i> nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah	84

5) <i>Akronim</i> 4 tembung aksara wiwitan - aksara wiwitan - aksara wiwitan - aksara wiwitan.....	86
a) <i>Akronim</i> 4 tembung aksara wiwitan - aksara wiwitan - aksara wiwitan - aksara wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah.....	86
2. Wujud <i>singkatan</i>	87
a. Wujud <i>Singkatan</i> 2 Tembung.....	88
1) Wujud <i>singkatan</i> 2 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan.....	88
a) Wujud <i>singkatan</i> 2 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> damel tetembungan ingkang kasar dados ketingal langkung alus.....	88
b. Wujud <i>Singkatan</i> 3 Tembung.....	89
1) Wujud <i>singkatan</i> 3 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan – aksara wiwitan.....	90
a) Wujud <i>singkatan</i> 3 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> ndadosaken lucu.....	90
b) Wujud <i>singkatan</i> 3 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> ngandharaken pasemon.....	91
c) Wujud <i>singkatan</i> 3 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> nyingidaken sawijining prekawis.....	92
d) Wujud <i>singkatan</i> 3 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> ngandharaken panyaruwe utawi kritik.....	93
c. Wujud <i>Singkatan</i> 4 Tembung.....	95
1) Wujud <i>singkatan</i> 4 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan – aksara wiwitan – aksara wiwitan.....	95

a) Wujud <i>singkatan</i> 4 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan – aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> ndadosaken lucu.....	95
b) Wujud <i>singkatan</i> 4 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan – aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> nyingidaken sawijining prekawis.....	97
c) Wujud <i>singkatan</i> 4 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan – aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah <i>fungsi</i> ngandharaken panyaruwe utawi kritik	98
BAB V. PANUTUP	101
A. Dudutan.....	101
B. <i>Implikasi</i>	102
C. Pamrayogi	103
KAPUSTAKAN	104
LAMPIRAN	105

PRATELAN TABEL

<i>Tabel 1</i>	: Wujud <i>kartu dhata</i>	34
<i>Tabel 2</i>	:Wujud <i>tabel analisis dhata</i>	35
<i>Tabel 3</i>	: Wujud, pandhapuking, saha panganggening Basa Argot wonten ing Dhusun Deggung Tridadi, Kabupaten Sleman	38

PRATELAN LAMPIRAN

<i>Lampiran 1</i> : Analisis basa <i>argot</i> wonten ing Dhusun Denggung Tridadi Sleman	105
---	-----

PRATELAN CEKAKAN

AW	: Aksara Wiwitan
AWAW	: Aksara Wiwitan - Aksara Wiwitan
AWAWAW	: Aksara Wiwitan - Aksara Wiwitan - Aksara Wiwitan
AWAWAWAW	: Aksara Wiwitan - Aksara Wiwitan - Aksara Wiwitan – Aksara Wiwitan
No.	: Nomer
PP	: Wanda Pungkasan – Wanda Pungkasan
PPP	: Wanda Pungkasan– Wanda Pungkasan – Wanda Pungkasan
PPPP	: Wanda Pungkasan – Wanda Pungkasan – Wanda Pungkasan – Wanda Pungkasan
WP	: Wanda Wiwitan – Wanda Pungkasan
WPP	: Wanda Wiwitan – Wanda Pungkasan – Wanda Pungkasan
WPWP	: Wanda Wiwitan – Wanda Pungkasan – Wanda Wiwitan – Wanda Pungkasan
WW	: Wanda Wiwitan – Wanda Wiwitan
WWP	: Wanda Wiwitan – Wanda Wiwitan – Wanda Pungkasan
WWW	: Wanda Wiwitan – Wanda Wiwitan – Wanda Wiwitan
WWWP	: Wanda Wiwitan – Wanda Wiwitan – Wanda Wiwitan – Wanda Pungkasan
WWWW	: Wanda Wiwitan – Wanda Wiwitan – Wanda Wiwitan – Wanda Wiwitan

BASA ARGOT WONTEN ING DHUSUN DENGUNG TRIDADI SLEMAN

**Dening:
Lestari Andayani
NIM 11205244049**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge (1) ngandharaken wujud basa argot ingkang kapanggihaken wonten ing Dhusun Dunggu Tridadi Sleman, (2) ngandharaken proses pandhapuking basa argot wonten ing Dhusun Dunggu Tridadi Sleman, (3) ngandharaken panganggening basa argot wonten ing Dhusun Dunggu Tridadi Sleman

Metode panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *deskriptif*. *Subjek* panalitenipun inggih menika panutur ingkang ngandharaken basa *argot* wonten ing Dhusun Dunggu Tridadi Sleman. *Objek* panaliten inggih menika basa *argot* ing Dhusun Dunggu Tridadi Sleman. Caranipun ngempalaken data inggih menika ngginakaken *metode simak*. Pirantinipun panaliten inggih menika panaliti piyambak (*human instrument*). Data ingkang sampun kapanggihaken lajeng dipunanalisis kanthi analisis deskriptif. Caranipun ngesahaken data kanthi validitas *expert judgement* utawi *pertimbangan ahli*, wondene reliabilitas ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten inggih menika wujud, proses pandhapuking saha *fungsi* panganggening basa *argot* wonten ing Dhusun Dunggu Tridadi Sleman. Wujud ingkang kapanggihaken inggih menika wujud *akronim* saha *singkatan*. *Proses* pandhapuking *akronim* menika kaperang dados 4, inggih menika (1) proses 2 tembung wanda wiwitan-wanda wiwitan, wanda wiwitan – awanda pungkasan, wanda pungkasan – wanda pungkasan, (2) proses 3 tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan, wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda pungkasan, wanda wiwitan – wanda pungkasan – wanda pungkasan, wanda pungkasan– wanda pungkasan – wanda pungkasan, (3) proses 4 tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan, wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda pungkasan, wanda wiwitan – wanda pungkasan – wanda wiwitan – wanda pungkasan, wanda pungkasan – wanda pungkasan – wanda pungkasan, (4) aksara wiwitan. *Proses* pandhapuking *singkatan* menika kaperang dados 3, inggih menika (1) aksara wiwitan - aksara wiwitan, (2) aksara wiwitan - aksara wiwitan - aksara wiwitan, (3) aksara wiwitan - aksara wiwitan - aksara wiwitan – aksara wiwitan. *Fungsi* panganggening basa argot menika kaperang dados 6, inggih menika (1) ndadosaken lucu, (2)ngandharaken pasemon, (3) nyingidaken sawijining prekawis, (4) ngalusaken tembung, (5) nedahaken solahbawa/pangrasaning manah, (6) ngandharaken panyaruwe.

Pamijining Tembung: *deskriptif , basa argot , wanda*

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa minangka pirantos *komunikasi* antawisipun manungsa satunggal lan manungsa sanesipun kangge nggampilaken saha kangge mahyakaken ide gagasan utawi satunggaling maksud tartamtu. Tiyang saged ngandharaken pangraos, penggalih, saha pikajengan dhumateng tiyang sanes kanthi ngginakaken basa. Salah satunggaling basa ingkang taksih dipunginakaken dhumateng Masarakat Jawi inggih menika Basa Jawi.

Masarakat tutur inggih menika masarakat panutur ingkang sareng-sareng ngginakaken norma panganggening basa kanthi pangertosan bilih caranipun wicanten boten kedah sami Supardo (1999 : 6). Wontenipun tingkatan sosial masarakat tutur jawi njalari *variasi* basa ingkang dipunginakaken. Tuladhanipun tiyang ingkang tingkat sosialipun langkung andhap ngginakaken tingkat basa ingkang langkung inggil, inggih menika krama. Wondene tiyang ingkang tingkat sosialipun inggil ngginakaken tingkat basa ingkang langkung andhap, upaminipun ngoko.

Ndherek pamanggihipun Abdul Chaer (1994:55) ragam basa dipunbedakaken dados sekawan perangan inggih menika ragam basa ingkang gayut kaliyan *daerah* utawi *lokasi geografis* (dipunsebat *dialek*), ragam bahasa ingkang gayut kaliyan kelompok sosial (dipunsebat *sosiolek*), ragam bahasa ingkang gayut kaliyan *situasi berbahasa* saha tingkat formalitasipun (dipunsebat

*fungsi*olek) lan ragam bahasa ingkang gayut kaliyan wekdalipun dipunsebat *kronolek* Abdul chaer (1994:55).

Basa argot inggih menika basa ingkang mligi utawi basa sinandi. Dipunagem kangge kosakata tekhnis utawi khusus wonten ing salebeting *perdagangan, profesi*, utawi sanesipun Drs. A Chaedar Alwasilah (1985). Basa *argot* menika ragam basa ingkang gayut kaliyan *klompok sosial*.. Basa *argot* menika dipunginakaken dening masarakat tartamtu, wonten ing lingkungan masarakat tartamtu satemah njalari basa menika boten dipunmangertosi kaliyan tiyang ingkang sakjawinipun klompok menika.

Minangka basa non formal saha sanes basa ingkang asring dipunginakaken, basa *argot* menika kagolong basa ingkang *unik*, utamanipun kangge panutur basa jawi. Mila saking menika argot dipunpilih minangka topik saking panaliten menika. Basa *argot* rumiyin namung dipunagem wonten ing kalangan copet prosekawanan utawi para durjana minangka *kode rahasia* supados pawicantenipun boten dipunmangertosi dening tiyang sanes. Ananging, mirsani *media komunikasi* saha *hiburan* ingkang tansaya ngrembaka kadosta radhio, *tv*, kalawarti, ugi *situs jejaring sosial* kadosta *bbm, whatsapp, Instagram, facebook*, saha *twitter* njalari basa menika ngrembaka satemah saged dipuntampi dening masarakat. Khususipun masarakat wonten ing dhusun Denggung Tridadi Sleman.

Salah satunggaling klompok wiranem utawi klompok mudha-mudhi wonten ing dhusun Denggung Tridadi Sleman kathah damel ragam *argot* menika. Tiyang sanes sakjawinipun kelompok menika asring gedheg-gedheg amargi boten

mangertosi bab menapa ingkang nembe dipunbahas wonten ing saklebetipun klompok. Klompok mudha-mudhi menika asring ndamel *argot* awujud *singkatan* saha *akronim*. Tuladha pawicantenan inggih kados wonten ing ngandhap menika.

- O1 : “Dek, kok gek bali?”
 O2 : “Maklum to sekolah SMK”
 O1 : “Lha njur ngapa?”
 O2 : “Jenenge wae SMK, Sekolah Mulih Kesoren”
 O1 : “Yen ngana mendhing sekolah STM kaya aku”
 O2 : “Lha ngapa mas?”
 O1 : “STM kuwi Sekolah Tanpa Mikir”
 O2 : “Oo lha edan”

Saking *data* ing nginggil menika, basa *argot* karipta kanthi ngewahi akronim saking tembung SMK ingkang aslinipun “*Sekolah Menengah Kejuruan*” dados “Sekolah Mulih Kesoren”. Saha STM ingkang aslinipun “*Sekolah Teknik Menengah*” dados “Sekolah Tanpa Mikir”.

Tiyang anem ingkang remen kaliyan bab-bab enggal saha beda kaliyan sanesipun kathah ndamel variasi basa menika. Wonten ingkang mesam-mesem amargi basa menika kagolong basa ingkang *unik*, malah ugi ingkang boten remen basa menika amargi dipun anggep ngrisak tatanan basa. Nanging boten sekedhik ugi ingkang gadhah motivasi kagem ngrembakakaken kreatifitasipun kagem nggulawenthah basa *argot* menika. Basa *argot* menika ugi gadhah sipat *musiman*. Gampil karipta, nanging ugi gampil ical amargi tuwuh variasi basa-basa *argot* ingkang enggal. Drs. A. Chaedar Alwasilah (1985 : 63). Tiyang ingkang ngginakaken basa *argot* salebeting wicantenan saged dipunwastani tiyang ingkang remen gojeg utawi humoris, lan kreatif. Amargi saged ngripta basa *argot* menika piyambak, lajeng njalari tiyang sanes ugi niru utawi *modifikasi* basanipun. Tuladhanipun tembung LDR. Saking tiyang setunggal

mastani bilih LDR “Lali Duwe *Relationship*”, nanging tiyang sanesipun mastani bilih LDR “Lho Ditinggal Rabi”. Estunipun LDR menika saking cekakan *Long Distance Relationship* ingkang maknanipun *Hubungan jarak jauh*.

Panaliten menika kedah dipunlampahi amargi panaliti ningali taksih sekedhik panaliten ingkang ngrembag babagan variasi basa, khususipun basa *argot*. Masarakat dhusun Deggung ingkang saking maneka warni tingkat saha status sosial, njalari *argot* menika langkung variatif. Awit saking menika panaliten kedah dipunlampahi supados saged mangertosi panganggening basa *argot* wonten ing dhusun Deggung Tridadi Sleman.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten ing nginggil, saged dipunpanggihaken mapinten-pinten perkawis ingkang saged dipunrembag, perkawis-perkawis kalawau kados ing ngandhap menika.

1. Topik wacana salebeting basa *argot* wonten ing Dhusun Deggung Tridadi Sleman
2. Wujud basa *argot* wonten ing Dhusun Deggung Tridadi Sleman
3. Proses pandhapuking basa *argot* wonten ing Dhusun Deggung Tridadi Sleman
4. Panganggening basa *argot* wonten ing Dhusun Deggung Tridadi Sleman
5. Bab-bab ingkang saged paring pangaribawa gayut panganggening basa *argot* wonten ing Dhusun Deggung Tridadi Sleman

6. Cacahing basa *argot* ingkang kapanggihaken wonten ing Dhusun Denggung Tridadi Sleman

C. Watesaning Perkawis

Adhedhasar underaning perkawis, panaliten menika boten ngandharaken sedaya perkawis ingkang kamot ing underaning perkawis, nanging perkawis dipunwatesi kados ing ngandhap menika.

1. Wujud basa *argot* wonten ing Dhusun Denggung Tridadi Sleman
2. Proses pandhapuking basa *argot* wonten ing Dhusun Denggung Tridadi Sleman
3. Panganggening basa *argot* wonten ing Dhusun Denggung Tridadi Sleman

D. Wosing Perkawis

Adhedhasar prekawis wonten ing undheraning prekawis lan watesaning prekawis ingkang kaandharaken ing inggil menika, lajeng saged dipunrumusaken prekawis ingkang badhe dipunkaji kados makaten.

1. Kadospundi wujud basa *argot* ingkang kapanggihaken wonten ing Dhusun Denggung Tridadi Sleman
2. Kadospundi proses pandhapuking basa *argot* wonten ing Dhusun Denggung Tridadi Sleman?
3. Kadospundi panganggening basa *argot* wonten ing Dhusun Denggung Tridadi Sleman?

E. Ancasing Panaliten

Panaliten menika dipunlampahi kanthi ancasing kados andharan ing ngandhap menika. Ancasing panaliten wonten ing panaliten menika, inggih menika.

1. Kangge ngandharaken wujud basa *argot* ingkang kapanggihaken wonten ing Dhusun Denggung Tridadi Sleman
2. Kangge ngandharaken proses pandhapuking basa *argot* wonten ing Dhusun Denggung Tridadi Sleman?
3. Kangge ngandharaken panganggening basa *argot* wonten ing Dhusun Denggung Tridadi Sleman

F. Paedahing Panaliten

Asil saking panaliten menika dipunjab saged maringi *deskripsi* saha saged nambah seserepan lan kawruh bab basa *argot*. Panaliten menika ugi saged nambah khasanah kajian basa, saha migunani kangge panaliten sanesipun ingkang ngrembag babagan variasi basa, lan kangge sarana sinau mliginipun bab wujud, proses pandhapuking, saha fungsi panganggening variasi basa *argot*.

G. Pangertosan

Panaliti nyerat pangertosan tembung-tembung saking irah-irahan kangge njagi supados boten wonten kalepatan saking wiyaripun pangertosan kados ing ngandhap menika.

1. *Basa argot* inggih menika basa khas ingkang khas utawi basa ingkang sinandi. Dipunagem kangge kosakata tekhnis utawi khusus wonten ing salebeting

perdagangan, profesi, utawi sanesipun. Sanadjan *slang* utawi *jargon* menika sami-sami gadhah pokok pembahasan ingkang sami, inggih menika basa khas wonten ing kelompok sosial tartamtu. Nanging basa argot asring dipunginaaken dening para mudha utawi kelompok mudha-mudhi wonten ing salah satunggaling papan tartamtu.

2. Wiranem utawi *remaja* dhusun Deggung inggih menika para kawula mudha ingkang mapan ing dhusun Deggung ingkang yuswanipun antawis 17-25 taun. Para kawula mudha menika wonten ingkang taksih sekolah, kuliah, saweg pados pedamelan, saha sampun nyambut damel.
3. Dhusun Deggung Tridadi Sleman inggih menika salah satunggaling dhusun wonten ing Kabupaten Sleman, ingkang mapan wonten ing Kota Sleman Jl. Magelang KM.8. Wondene dhusun menika mapan wonten ing sisih wetanipun kota Kabupaten Sleman saha sak leripun Fly over Jombor watawis 5 KM.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Sociolinguistik

Miturut Chaer lan Agustina (2004:2), *sociolinguistik* inggih punika *bidang ilmu antardisiplin* ingkang ngrembag basa ingkang gayut kaliyan panganggening basa kasebat wonten ing masarakat. *Objek* wonten ing *sociolinguistik* inggih punika dipunpirsani saking sarana komunikasi wonten ing masarakat. Pramila, kajian wonten ing *sociolinguistik* punika boten tebih saking sarana komunikasi wonten ing masarakat.

Miturut Nababan (1984 : 2), *sociolinguistik* inggih punika *studi* utawi pirembaran basa ingkang gayut kaliyan pangangge basa minangka anggota masarakat. Saben tiyang tamtu kemawon mbetahaken tiyang sanes wonten ing pagesangan. Adhedasar punika tamtu tiyang ugi migunakaken basa minangka piranti *komunikasi* wonten ing masarakatipun. Dene masarakat punika ingkang paring makna basa. Pirembaran wonten ing *sociolinguistik* inggih punika *aspek-aspek* kamasarakatan basa mliginipun variasi basa ingkang gayut kaliyan *faktor-faktor* kamasarakatan.

Pamanggih salajengipun dipun andharaken dening Suwito (1982 : 2), ingkang ngandharaken bilih sociolinguistik netepaken kalungguhaning basa gayut kaliyan pangangge basa wonten ing masarakat. Kalungguhan basa punika ateges wigatinipun basa ingkang dipunginakaken wonten ing satunggaling masarakat. Pramila, panganggening basa boten namung dipunpermati mawi satunggal tiyang kemawon, ananging dipungayutaken kaliyan kegiatan wonten ing salebeting

masarakat. Kadosta basa ingkang dipunginakaken dening pranatacara, tamtu basa punika dipunginakaken wonten ing upacara manten (kagiyatan masarakat).

Gayut kaliyan andharan wonten ing nginggil, Kridalaksana (2008: 225) ugi gadhah pamanggih piyambak, bilih *sosiolinguistik* inggih menika salah satunggaling perangan ilmu basa ingkang nyinau bab gegayutan saha pangaribawa antawisipun prilaku basa kaliyan prilaku *sosial*. Bab mekaten nedahaken bilih *sosiolinguistik* menika ngandharaken *fungsi* basa minangka pirantos *komunikasi* saha ngrembag gegayutaning basa kaliyan masarakat ingkang ngginakaken basa menika.

Saking andhahan para ahli *sosiolinguistik* ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil, saged dipunpundhut dudutan bilih *sosiolinguistik* inggih punika ngelmu *antardisiplin* ingkang ngrembag perkawis-perkawis basa ingkang dipunginakaken wonten ing masarakat ingkang gayut kaliyan budaya, kahanan, saha *struktur sosial* ingkang ndadosaken *variasi* basa.

B. Variasi Basa

1. Variasi Basa saking Segi Penutur

Variasi basa inggih menika maneka warni basa jalaran saking *faktor-faktor* tartamtu (Soeparno 2003 : 55). Wontenipun *variasi* basa menika amargi panganggening basa ingkang dipunjumbuhaken kaliyan kahanan wonten ing konteks sosialipun.

Wonten ing masarakat satunggaling basa menika dipunginakaken panutur kanthi maneka warni *status sosial*. Dipuntingali saking *tingkat* pendhidhikanipun, wonten anggota masarakat ingkang gadhah pendhidhikan ingkang inggil, wonten

ingkang boten gadhah pendhidhikan. Dipuntingali saking papanipun, wonten ingkang mapan wonten kutha, wonten ingkang mapan wonten dhusun. Dipuntingali saking yuswanipun, wonten tiyang sepuh, wonten remaja utawi kaneman ugi lare-lare alit. Lajeng dipuntingali saking *profesi*, wonten ingkang gadhah *profesi* dhokter, buruh tani, guru, lan sapanunggalanipun.

Saking andharan wonten ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih saking *status sosial* ingkang boten sami menika, mila basa ingkang dipunginakaken ugi maneka warni variasinipun.

Miturut pamanggihipun Nababan (1984:14) variasi basa saged kaperang dados sekawan. Bab menika dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Ragam basa ingkang dipundayani dening bab *geografik (Dialek)*

Dialek inggih menika *ragam* basa ingkang dipunginakaken wonten ing salah satunggaling *wilayah geografis* tartamtu. Kawontenaning *dialek* menika estu saha dipunginakaken ing salah satunggaling panggenan tartamtu (Alwasilah 1985; 50-51).

b. *Ragam* basa ingkang dipundayani dening bab sosial (Sosiolek)

Pamanggihipun Chaer (2004 :66-68) “Gayut kaliyan *variasi* basa ingkang katitik saking *tingkat, golongan, status* saha klas *sosial* panuturipun, asring dipunsebat *variasi* basa kanthi nama *akrolek, basilek, vulgar, argot, kolokial, jargon, argot, saha ken.*” *Akrolek* inggih menika *variasi basa* ingkang dipunanggep langkung inggil saking *variasi basa* sanesipun. Tuladhanipun inggih menika krama inggil. *Basilek* inggih menika *variasi basa* ingkang dipunanggep langkung andhap gengsinipun, tuladhanipun inggih menika krama ndesa. *Vulgar*

inggih menika *variasi basa* ingkang titikanipun dipuntingali saking tiyang ingkang ngginakaken basa inggih menika tiyang ingkang boten gadhah pendhidhikan. *Argot* inggih menika *variasi basa* ingkang dipunginakaken winates wonten ing klompok sosial tartamtu ingkang asipat mligi saha nyingidaken, tuladhanipun basa ingkang kaginakaken wonten ing kelompok pemudha Dhusun Deggung Tridadi Sleman menika.

Kolokial inggih menika *variasi basa* ingkang dipunginakaken wonten ing pawicantenan saben dinten, tuladhanipun sek (kosek), moh (emoh). *Jargon* inggih menika *variasi basa* ingkang dipunginakaken winates ing padamelan tartamtu, tuladhanipun tembung-tembung ingkang dipunginakaken dening *sopir truk*. *Ken* (*Inggris – cant*) inggih menika *variasi basa* tartamtu ingkang dipunginakaken kanthi wirama melas, tuladhanipun basa ingkang dipunginakaken dening tiyang ingkang nyuwun-nyuwun.

c. *Ragam* basa ingkang dipundayani dening bab *situasional (fungsiolak)*

Ragam basa ingkang dipundayani dening bab *situasional (fungsiolak)* inggih menika *ragam* basa ingkang gayut kaliyan sarana anggenipun ngginakaken, *tingkat* keformalanipun utawi *gaya*, saha *bidang* anggenipun ngginakaken (Chaer, 2004 : 68). *Ragam* basa *situasional (fungsiolak)* dipunrembag wonten ing *linguistic etnografi* utawi *analisis wacana* utawi *pragmatik*. Cak-cakanipun *ragam* basa inggih menika *style* utawi wujuding basa nalika dipunginakaken.

d. *Ragam* basa ingkang dipundayani dening bab wekdalipun (*kronolek*)

Kronolek inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening klompok sosial ing wekdal tartamtu (Chaer, 2004 : 64). *Kronolek* dipunsebabaken dening bab urutaning wekdal saha mangsa ingkang njalari wujud anggenipun ngginakaken basa bada (Soeparna, 2003 : 55). Tuladhanipun basa kawi Jawi kina ing mangsa sakderengipun akhir Majapahit, saha basa jawi enggal ing wekdal sakmenika.

Saking andharan ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih *basa argot* inggih menika *Ragam* basa ingkang dipundayani dening bab sosial (Sosiolek). *Argot* inggih menika *variasi basa* ingkang dipunginakaken winates wonten ing klompok sosial tartamtu, tuladhanipun kelompok pemudha. Maneka warni status sosial menika ingkang njalari *basa argot* langkung ngrembaka saha *variatif*.

2. ***Variasi* basa saking segi *Keformalan***

Miturut pamanggihipun Martin Joos wonten ing Chaer saha Agustina (2004:70-71) *variasi* basa adhedasar *keformalanipun* dipunperang dados gangsal. Bab menika dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. **Ragam Beku (*frozen*)**

Ragam beku inggih menika ragam basa ingkang dipunginakaken kangge swasana resmi, saha paugeran ingkang sampun gumathok.

Tuladhanipun *ragam beku* wonten ngandhap menika.

“Ywangkat sang prawara kuswa, magora gro gumiwang nggegeteri, swaraning teteg gumuruh, wor pangriking turangga, bendhe beri sauran munya mangungkung, pratandha mangkating yuda, gambira tyasing prajurit.” (kapethik saking Hadiprayitno wonten ing Nurhayati 2009:49).

Tuladha ing nginggil menika kalebet *ragam beku* amargi tuladha menika kalebet jinis Kakawin Sekar Pangkur. Kakawin Sekar Pangkur menika mujudaken serat ingkang boten saged dipunowahi. Tuturan menika kalebet jinis macapat ingkang *struktur* ukaranipun kaiket dening tata panyeratan macapat, kadosta guru lagu, guru wilangan, saha guru gatraniipun.

b. Ragam Resmi (*formal*)

Ragam resmi inggih menika ragam basa ingkang dipunginakaken wonten ing buku pelajaran, rapat dinas, saha layang resmi, saha kahanan resmi sanesipun. Tuladhanipun kadosta ing ngandhap menika.

“Pranyata ingkang kinarya bebuka murciteng kawi pakuwon Sewuntana. Aja dupeh among pakuwon, among pindha kedhaton ingkang gumelar wonten madyaning wana, awit saking edi rengganing pakuwon wau. Pranyata ingkang nggelar pakuwon wonten madyaning wana Mbulu Pitu nata gung bathara ingkang angrenggani nagari Ngastina.” (kapethik saking Nurhayati, 2009:25).

Tuladha ing nginggil menika kagolong *ragam resmi* amargi tuladha menika migunakaken wujud basa jumbuh kaliyan tata aturaning bebasan.

Ukara ing tuladha menika jangkep, tembung-tembung ingkang dipunpilih wetah, saha migunakaken undha usuk ngoko endah saha krama endah.

c. Ragam Usaha (*konsultatif*)

Ragam usaha inggih menika ragam basa ingkang biasa dipunginakaken wonten ing sekolah/pakempalan. Ragam usaha menika antawisipun ragam *formal* saha ragam santai. Tuladhanipun ngandharaken panyaruwe wonten ing salebeting rapat utawi ngandharaken tugas-tugas kuliah kaliyan kanca-kanca mawi kerja kelompok.

d. Ragam Santai (*casual*)

Ragam santai inggih menika ragam basa ingkang dipunginakaken wonten ing kahanan ingkang boten resmi. Ragam basa menika asringipun dipunginakaken wonten ing pawicantenan ing kaluwarga utawi kaliyan kanca.

Tuladhanipun inggih menika.

“Gareng: Jajal gendhingna!” (kapethik saking Nurhayati, 2009:28).

e. Ragam Akrab (*intimate*)

Ragam akrab inggih menika ragam basa ingkang dipunginakaken dening tiyang ingkang sesambetanipun sampun raket, kadosta kaliyan kanca utawi kaluwarga. Tuladhanipun saged dipuntingali wonten pacelathon ing ngandhap menika.

Ata : “*Sida nonton ra?*” (Jadi nonton tidak?)

Vika : “*Yoi, sida arep crita adhiku.*” (Ya, jadi soalnyan sudah janji mau cerita dengan adikku).

Ata : “*Jam?*” (Jam berapa?)

Vika : “*Telu ndes.*” (Jam tiga)

Saking tuladha ing nginggil menika saged dipuntingali ewahing *ragam* basa ingkang dipunginakaken kaliyan pamicara ingkang sampun langkung *akrab*, ewasemanten tuladha pacelathon kasebat kedadosan wonten ing setunggal wekdal. *Keakraban* menika saged dipuntingali saking panganggening sapaan *ndes*. Panganggening sapaan *ndes* menika saking tembung *mendes*, saking cekakan '*menthel ndeso*', saha panganggening basa ingkang cekak.

3. *Variasi saking Segi Sarana*

Variasi basa menika saged dipunpirsani saking *segi* sarana utawi jalur ingkang dipunginakaken. *Variasi* basa adhedhasar sarana ingkang dipunginakaken menika saged dipunperang dados kalih inggih menika ragam lisan saha ragam tulis.

1) *Ragam Lisan*

Ragam lisan menika dipundukung kaliyan kahanan panganggenipun, saengga saged ngasilaken ukara, ananging boten ngirangi titikan bakunipun. Ewasemanten pamilihing tembung, wujuding tembung, jejangkeping ukara, saha *unsur-unsur* ing *struktur* ukara menika boten kalebet wonten ing titikan bakunipun *ragam lisan*. Titikanipun *ragam lisan* inggih menika:

- a. mbetahaken tiyang kalih minangka lawan tutur;
- b. gumantung kahanan, *ruang*, saha wekdal;
- c. boten kedah nggatosaken *gramatikal*, namung prelu *intonasi* saha gerak ing badan;
- d. *berlangsung cepat*.

Tuladhanipun *ragam lisan* inggih menika, ”Sampun kula bayar anggenipun maem bakso.”.

2) *Ragam Tulis*

Wonten ing panganggening *ragam tulis*, tegesipun ukara ingkang dipunginakaken menika dipunsengkuyung kaliyan kahanan panganggenipun, satemah gadhah *potensi* saged dipunpocapaken awujud *unsur* ukara. Pramila ugi, panganggening *ragam tulis* menika mbetahaken *kecermatan* saha *ketepatan* ing pamilihing tembung, *kaidah ejaan* sarta jejangkeping *unsur-unsur* basa ing *struktur* ukara. Titikanipun *ragam tulis* inggih menika:

- a. boten mbetahaken tiyang kalih minangka lawan tutur;
- b. boten gumantung kaliyan kahanan, *ruang*, saha wekdal;
- c. kedah nggatosaken *unsur gramatikal*;
- d. *berlangsung lambat*;
- e. tansah ngginakaken pirantos bantu;
- f. kalepatan boten lajeng dipunkoreksi;
- g. boten saged dipunbantu kaliyan *gestur* (geraking badan) saha *mimik*, namung dipunbantu ngginakaken *tanda baca* kemawon.

Tuladhanipun *ragam tulis* inggih menika “*Kula sampun nata buku menika.*”

Beda antawisipun *ragam lisan* saha *ragam tulis* adhedhasar tata basa saha *kosakata* saged dipuntingali ing ngandhap menika.

Tata Basa

- a. *Ragam Lisan*
 - *Tya sedang baca surat kabar.*
 - *Adi mau nulis surat.*
 - *Tapi kau tak boleh menolak lamaran itu.*

b. *Ragam Tulis*

- *Tya sedang membaca surat kabar.*
- *Adi mau menulis surat.*
- *Namun, engkau tidak boleh menolak lamaran itu.*

Kosakata

a. *Ragam lisan*

- *Indriani bilang kalau kita harus belajar*
- *Kita harus bikin karya tulis*
- *Rasanya masih terlalu pagi buat saya, Pak.*

b. *Ragam tulis*

- *Indriani mengatakan bahwa kita harus belajar*
- *Kita harus membuat karya tulis*
- *Rasanya masih terlalu muda bagi saya, Pak*

C. Peranganing Tuturan

Interaksi antawisipun panutur saha wawaning panutur kanthi tuturan pokok, wekdal, panggenan, saha kahanan tertamtu dipunsebat peristiwa tutur (Chaer, 2004:47). Pawicantenan saged dipunsebat peristiwa tutur menawi sampun ngandhut peranganing peristiwa tutur. Miturut pamanggihipun Dell Hymes (Suwito,1982: 29) konteks dipunperang dados 8 piranti tutur ingkang dipunsingkat dados SPEAKING (setting and scene, participants, ends, act sequence, key, instrumentalities, norm of interaction and interpretation, saha genre). Andharan saking wolung piranti tutur inggih menika.

S : *setting and scene* inggih menika panggenan saha kahananipun pawicantenan

P : *participants* inggih menika pamicara, wawan pamicara, saha pamiarsa

E : *end* inggih menika ancas, ancasing wawan pirembaran ingkang dipunajengaken

- A : *act* inggih menika kedadosan nalika wonten tiyang ingkang micara inggih menika ngandharaken pamanggihipun wonten ing wawan pirembagan
- K : *keys* inggih menika wiramaning swanten saha ragaming basa ingkang dipunginakaken nalika ngandharaken pamanggihipun, saha cara anggenipun ngandharaken pamanggih
- I : *instrumen* inggih menika pirantos ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih tuladhanipun kanthi lisan, dipunserat, utawi lewat tilpun
- N : *norma* inggih menika aturan ingkang kedah dipuntaati dening peserta wawan pirembagan
- G : *genre* inggih menika jinising adicara wawan pirembagan ingkang asipat beda kaliyan jinising kagiyatan sanesipun.

Tuladhanipun inggih menika.

- Aan : “Koe ngerti sapa sing mindhah keseran nangarep omahku iki ndel?”
(*Kamu tahu siapa yang memindahkan gerobak didepan rumahku ini, Bro?*)
- Heri : “Ora ngerti aku ndel.”
(*Tidak tahu aku Bro.*)

Analisis miturut Dell Hymes:

- S = pawicantenan ing plataran dalemipun Aan
- P = Aan kaliyan Heri
- E = ancasing pawicantenan kangge mangertosi sinten ingkang mindhah keseran saking ngajeng griyanipun Aan
- A = Aan : pambuka pawicantenan; Heri : ingkang nanggepi

- K = kanthi swanten ingkang radi rindhik saha *santai*
- I = kanthi cara *lisan*
- N = wicantenan kapireng kados saut-sautan, saha *santai*
- G = jinising wicantenan inggih menika rerasan sinten ingkang mindhah keseran saking ngajeng griyanipun Aan.

D. Basa Argot

Wontenipun basa argot sampun wiwit abad kaping 13 kanthi nami *Le jargonde l'argot*. Ananging saklajengipun tiyang namung nyebat kanthi nami *l'argot*. Argot inggih menika salah satunggaling wujud basa *keakraban* saha basa *unik* ingkang karipta dening kalangan utawi kelompok tartamtu saha gadhah kosakata *argot* ingkang kathah dipunewahi wonten ing basa umum. Pamanggih menika trep kaliyan pamanggih Abdul Chaer lan Leonie Agustina (2010:68) ingkang ngandharaken bilih basa *argot* inggih menika variasi sosial ingkang dipunginakaken wonten ing *profesi-profesi* tartamtu saha gadhah sipat sinandi.

Hartman (wonten ing Alwasilah 1989 : 57) ugi ngandharaken menawi *argotis a variety of speech characterized by newly coined and rapidly changing vocabulary, used by the young or by social and professional group for 'in group' communication and thus tending to prevent understanding by the rest of the speech community*. Argot inggih menika salah satunggaling *variasi ujaran* ingkang titikanipun gampil pikantuk kosakata enggal, nanging ugi gampil ewah, lan gampil ical amargi tuwuh *kosakata* enggal malih ingkang langkung *variatif*. *Argot* menika dipunagem dening para wiranem, kawula mudha utawi kagem

salebetipun komunitas, satemah basa menika boten dipunmangertosi dening pihak sakjawinipun kelompok menika.

Basa *argot* rumiyyin namung dipunagem wonten ing kalangan copet prosekawanan utawi para durjana minangka *kode rahasia* supados anggenipun wicanten boten dipunmangertosi dening tiyang sanes. Ananging, mirsani *media komunikasi* saha *hiburan* ingkang sangsaya ngrembaka kadosta radhio, *tv*, kalawarti, ugi *situs jejaring sosial* kadosta *bbm*, *whatsapp*, *Instagram*, *facebook*, saha *twitter* njalari basa menika langkung *variatif* satemah saged dipuntampi dening masarakat. Bab menika katitik saking kathahipun panutur ingkang ngginakaken basa menika wonten ing pawicantenan padintenan.

Basa *argot* samenika sampun asring dipuntuturaken wonten ing papan *umum*, upaminipun wonten ing mergi, wonten ing dhusun lan sakpanunggalanipun. Menawi kapanggihaken tembung-tembung *argot* wonten ing mergi, basa menika asring mawi wujud basa ingkang radi kasar amargi karipta dening masarakat ingkang *status sosial*ipun andhap. Kejawi saking menika *argot* inggih dipunginakaken dening *musisi-musisi jalanan* dhusun Denggung wonten ing lagu-lagunipun.

E. Wujudipun tembung-tembung *Argot*

Basa *argot* gadhah tembung-tembung ingkang beda kaliyan basa standar. Ukara dipunsebat ukara *argot* bilih salah setunggal utawi mapinten-pinten unsur wonten ing ukara kasebat dipungantos kaliyan tembung-tembung *argotik*. Wonten ing bab menika, unsur ingkang dipungantos saged wujud ukara utawi frase.

Ananging wonten ing kajian menika, pirembaran basa *argot* dipuntemtokaken saking tembung, amargi basa *argot* inggih menika kosakata utawi tembung ingkang saged karipta mawi dhasar basa standart.

Kados ingkang dipunandharaken dening Hartmann (wonten ing Alwasilah, 1989 : 64) bilih *argot* inggih menika salah satunggaling wujud basa wonten ing panganggening umum, dipundamel kanthi *adaptasi popular* saha *perluasan makna* saking tembung-tembung ingkang wonten saha kanthi nyusun tembung-tembung enggal kanthi boten nggatosaken *standar-standar skolastik* saha *kaidah-kaidah linguistik* wonten ing pandhapuking tembungipun. Saha gadhah titikan winates kelompok-kelompok sosial utawi kelompok yuswa tartamtu.

Pangertosan menika gadhah gambaran bilih ginanipun *argot* inggih menika nepangaken tembung-tembung enggal, ndadosaken kosakata basa langkung ngrembaka kanthi ngandharaken pamanggih tembung-tembung mawi teges ingkang enggal. Wondene wonten mapinten-pinten wujud *argot* kanthi pandhapuking ingkang murni ananging wujud *argot* langkung asring kanthi kosakata utawi tembung ingkang lami, ananging dipunparingi makna ingkang enggal. Bab menika dipunjumbuhaken kaliyan gagasan utawi padatan enggal ingkang tuwuh wonten ing masyarakat.

Wujud basa *argot* ingkang dipunpanggihaken wonten ing panaliten menika wonten 2, kababar wonten ing ngandhap menika.

a. Akronim

Akronim asalipun saking basa inggris, inggih menika *acronym* ingkang maknanipun cekakan ingkang dipundhapuk saking aksara-aksara ingkang

dipunjlentrehaken. Tuladhanipun tembung ‘*wawan*’ menika cekakan saking ‘*wanita wandu*’. (Wojowasito saha tito Wasito, 1980 :2).

Nikelas (1988: 120) ngandharaken bilih *akronim* inggih menika pandhapuking tembung mawi aksara purwaning tembung, utawi perangan kasebat saking tembung-tembung wiwitaning wanda, menapa malih saking tembung-tembung ingkang urut. Salajengipun Sarana (1985 :15) ngandharaken bilih *akronim* (Basa inggris *acronym*) inggih menika cekakan ingkang awujud *gabungan* aksara utawi wanda ingkang kaserat saha dipunpocapaken minangka tembung.

Saking andharan kasebat, saged dipunmangertosi bilih akronim minangka cekakan tembung ingkang dipundhapuk adhedasar *gabungan* aksara wiwitan, wanda, lan ugi reroncening aksara saha wanda. Saking reroncening aksara kasebat kadhapuk cekakan ingkang saged dipunwaos kados dene tembung-tembung ingkang limrah. Tuladhanipun tembung *Puskesmas* menika cekakan saking *Pusat Kesehatan Masyarakat*.

Dene wonten ing wujud basa *argot* menika mendhet saking akronim-akronim ingkang sampun wonten, ananging wujud akronim menika dipunslewengaken utawi dipunplesetaken.

Tuladha :

Guru : Yen minggu turu.

Guru menika saking kerata basa “Digugu lan ditiru”. Lajeng wujud argotipun dipunowahi utawi dipunslewengaken dados Yen minggu turu.

Unwama : Universitas Wah Adohe MasyaAllah.

Unwama menika saking cekakan Universitas Wangsa Manggala. Lajeng wujud argotipun dipunowahi utawi dipunslewengaken dados Universitas Wah Adohe MasyaAllah.

b. Singkatan

Kados ingkang sampun dipunandharaken ing nginggil, *akronim* saha *singkatan* minangka perangan saking wujud cekak. Ananging, antawisipun *akronim* saha *singkatan* wonten bedanipun. Kanthi mekaten, bilih perangan-perangan kasebat boten dipunmangertosi badhe nuwuhaken kalepataning pamanggih antawis kekalihipun. Supados boten nuwuhaken kalepatan *penafsiran*, prelu dipunjentrehaken pangertosan *singkatan*.

Miturut Depdikbud (1988:390) “*Singkatan* inggih menika wujud ingkang dipuncetak ingkang kedadosan saking setunggal aksara utawi langkung”. Pangertosan *singkatan* ugi dipunjentrehaken dening Surana (1985:182) inggih menika “cekakan ingkang awujud aksara utawi gabungan aksara sae ingkang dipunpocapaken setunggal mbaka setunggal kadosta MPR, SMP, menapa dene ingkang sanes, kadosta lsp”. Adhedasar andharan kasebat, *singkatan* mujudaken cekakan tembung ingkang kedadosan saking setunggal aksara utawi langkung. Kanthi mekaten, *singkatan* minangka *proses* pandhapuking ingkang arupi aksara utawi *gabungan* aksara, sae ingkang dipuneja menapa dene boten. *Singkatan* saged ugi kedadosan saking setunggal aksara (tuladhanipun: *l* kangge *liter*, *m* kangge *meter*, *lsp*) menapa dene langkung saking setunggal aksara (tuladhanipun: MPR, DPR, *lsp*) ingkang dipuneja miturut aksara-aksaranipun. Cekakan kasebat

ugi saged katindakaken nyekak purwaning aksara saking mapinten-pinten tembung, tuladhanipun MPR cekakan saking *Majelis Permusyawaratan Rakyat*.

Dene wonten ing kosakata argot Wonten ing andharan menika, wujud basa *argot* mendhet saking singkatan-singkatan ingkang sampun wonten, ananging wujud singkatan menika dipunslewengaken utawi dipunplesetaken.

Tuladha :

STTL : Sekolah Thenguk-Thenguk Lulus

TBC : Trah Bajingan Cilik

Wujud argot cekakan menika boten nyingidaken wujud aslinipun. Amargi wujud aslinipun saking akronim menika sampun dipunmangertosi kathah tiyang. Wujud cekakan ingkang dipunewahi utawi dipunslewengaken menika ingkang dipunsingidaken lan boten kathah tiyang ingkang mangertosi. Tuladha panganggenan argot wonten ing ukara inggih menika :

(1) Diman kuliyah nang STTL

‘Diman ora sekolah meneh, utawa nganggur’

(2) Dhasar cah TBC, dikandhani mesthi ngeyel

‘Dhasar bocah kurangajar (bajingan), dikandhani mesthi ngeyel

Wonten ing ukara (1) wonten ing nginggil menika akronim STTL ingkang aslinipun *Sekolah Tinggi Teknik Lingkungan*, lajeng dipun plesetaken dados Sekolah Thenguk-Thenguk Lulus ingkang maknaipun boten sekolah utawi nganggur. Saklajengipun akronim TBC wonten ing ukara (2) dipunewahi utawi dipunplesetaken dados Trah Bajingan Cilik ingkang maknaipun inggih menika

bocah ingkang berandhalan, nakal, saha boten gadhah aturan. Akronim kasebat asalipun saking *Tuberculose*, nami salah satunggaling penyakit.

F. Panganggening basa argot

Paedahing umum basa inggih menika minangka *alat komunikasi* (Soepamo,1988:5). *Argot* minangka basa ingkang dipunginakaken kangge pirantos wawan pirembaran gadhah piguna tertamtu. miturut teori Jacobson, basa gadhah enem elemen ingkang wigati, inggih menika penutur (*le destinataire*), mitra tutur (*le destinataire*), referen(*le référent*), kontak (*le contact*), sandi utawi kode (*le code*) saha pesen (*le message*). Enem faktor kasebut ingkang nuwuhaken cak-cakanipun basa argot ingkang beda Roman Jacobson (wonten ing Rahmawati 2017:22).

Penutur ngintun pesen dhumateng mitra tutur. Supados saged lumampah, pesen mbetahaken salah satunggaling konteks ingkang saged dipunrujuk. Konteks ingkang saged dipuntampi mitra tutur, saking wujud lesan menapa dene awujud seratan ; lajeng pesen mbetahaken kode, biasanipun sedaya utawi saperangan penutur saha mitra tutur (dipunsebat pengkode lan penampi kode) ; ingkang pungkasan, pesen menika mbetahaken kontak, alur fisik saha koneksi psikologis antawisipun penutur saha mitra tutur, kontak ingkang ndadosaken saha njalari komunikasi. Roman Jacobson (wonten ing Rahmawati 2017: 22-24) ngandharaken *fungsi* panganggening basa argot kados wonten ing ngandhap menika :

a. ndadosaken lucu

Miturut Poerwadarminta wonten ing Bausastra Jawa (1939:280).

- Lucu menika ateges 1) njalari gemuyu, cucut; 2) prakara ingkang nganeh-anehi.

Dados *argot* menika saged njalari gemuyu kanthi basa ingkang nganeh-anehi wekdal pawicantenan.

b. ngandharaken pasemon

Miturut Poerwadarminta wonten ing Bausastra Jawa (1939:475). dipunginakaken kanthi ancas nguda raos kanthi boten langsung dhateng wawan wicara. Pasemon menika dipunginakaken amargi kabiji langkung tumuju ing manahipun tiyang nalika nguda raos.

- Pasemon inggih menika 1) wanguning praen, polatan; 2) solah tingkah utawi tetembungan ingkang dianggo nyemoni (aweh sasmita); 3) crita saha sapanunggalanipun ingkang dianggo pepadon (upama) kayata semu.

Pasemon menika asring

c. nyingidaken sawijining perkawis

Miturut Poerwadarminta (1939:365)

- Singid ateges ndhelikake;
- Perkawis inggih menika 1) kang dadi rembug (pasulatan, padudon); 2) bab ingkang dipunrembug; 3) apa-apa kang kalakon; 4) pasulayan (Poerwodarminta, 1939:509).

Dados nyingidaken sawijining perkawis menika ndhelikake perkawis supados tiyang saking sakjawanipun klompok boten mangertosi.

- d. *Konatif* (Damel tetembungan ingkang dipunanggep kasar dados keningal langkung alus).

Mawi *argot* menika tiyang ingkang asring micara tetembungan kasar saged kasamaraken dados basa ingkang keningal langkung alus. Sanesipun saking menika nalika ngginakaken tetembungan menika boten nglarani manahipun liyan.

- e. *Ekspresif* (Nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah)

Awit wontenipun *argot* menika saged dipunginakaken kangge nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah kadosta rasa seneng, kasmaran, kesel, lsp. Pangrasaning manah tertamtu biasanipun angel menawi badhe dipunadharaken kanthi langsung, awit amargi rasa isin, utawi rasa rikuh boten tega, saengga dipunpadosi tetembungan ingkang mligi ingkang saged nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah.

- f. *Referensial* (Ngandharaken panyaruwe utawi *kritik*)

Referensial gadhah tujuan kangge ngandharaken salah satunggaling fakta, utawi kahanan ingkang saktemenipun, lan ugi supados tiyang sanes boten mangertosi menapa ingkang dipunandharaken dening penutur. Lajeng Miturut Sugono (2008:761) *kritik* inggih menika *kecaman* ingkang *kadangkala* dipuntambah andharan saha pangraos sae utawi pangraos boten sae saking karya, perkawis, utawi pamanggih, lsp.

Ngandharaken panyaruwe menika ateges ngandharaken panyaruwenipun wonten ing sangajenipun masarakat wiyar. Awit saking menika panyaruwe menika saged damel drajatipun tiyang ingkang

dipunkritik dados mangandhap. Saking menika nalika ngandharaken panyaruwe ngginakaken *argot* supados tiyang sakjawanipun *konteks* boten mangertos.

G. Panaliten ingkang jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih menika panaliten ingkang dipuntliti dening Arif Hidayatullah kanthi Nomor Induk Mahasiswa 01340038 kanthi irah-irahan *Analisis Pemakaian Argot Dalam Sms mahasiswa FKIP UMM*. Panaliten menika kalebet panaliten *kualitatif* kanthi model *deskriptif*. Panaliten *kualitatif* menika ngandharaken asiling data deskriptif menika awujud lisan kaliyan tulis tembung-tembung lisan basa *argot* ingkang dipunginakaken.

Asiling panalitenipun inggih menika ngandaraken bab topik, faktor-faktor ingkang njalari panganggening basa *argot* mahasiswa FKIP UMM saha cak-cakanipun basa *argot*. Gayutipun kaliyan panaliten kula inggih menika sami-sami ngandharaken pandhapuking saha cak-cakanipun panganggening basa *argot* menika.

Inkang dados pambada antawisipun panaliten menika kaliyan panaliten ingkang dipunlampahi dening Arif Hidayatullah inggih menika wonten ing papan panaliten, panaliten Arif Hidayatullah nлити basa *argot* ingkang mapan wonten ing mahasiswa FKIP UMM, menawi panaliten menika nлити babagan basa *argot* ingkang mapan wonten ing Dhusun Deggung Tridadi, Kabupaten Sleman.

Panaliten salajengipun ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih panaliten ingkang sampun dipunlampahi dening Rahmawati NIM 12204241021 kanthi irah-irahan *Bentuk Dan Fungsi Bahasa Argot Dalam Majalah Cool! Edisi Mei-Desember 2015*. Panaliten menika ngrembag babagan wujud basa *argot*. Anggenipun ngempalaken dhata menika migunakaken metode simak kanthi teknik dasar sadap, dipunlajengaken mawi *teknik Simak Bebas Libat Cakap (SBLC)* saha *teknik catat*. Panaliten menika gayut kaliyan panaliten kula, inggih menika sami-sami ngginakaken metode *SBLC* saha *teknik catat* kagem ngempalaken dhata.

Asiling panaliten ingkang dipunlampahi dening Rahmawati inggih menika ngandharaken bilih kapanggihaken pitu proses pandapuking *argot* inggih menika *truncation*, *sufiksasi*, *le verlan emprunt*, *adaptasi*, *l'argonji*, saha *ciptaan murni*. Panaliten menika ngginakaken metode simak, kanthi teknik sadap.

Bedanipun panaliten Rahmawati kaliyan panaliten ingkang panaliti lampahi inggih menika saking *objekipun*, panaliten kula ngandharaken basa *argot* wonten ing Dhusun Denggung Tridadi Sleman, menawi panaliten Rahmawati ngandharaken basa *argot* wonten ing *Majalah Cool! Edisi Mei-Desember 2015*.

H. Nalaring Pikir

Basa *argot* inggih menika ragam basa ingkang salah satunggaling wujud basa *keakraban* saha basa *unik* ingkang karipta dening kalangan utawi kelompok tartamtu saha gadhah kosakata *argot* ingkang kathah dipunewahi wonten ing basa umum.

Wujudipun tembung *argot* saged dipunperang dados 2. Inggih menika wujud *singkatan* saha *akronim*. Pandhapuking *argot* akronim menika dipunperang dados 4, inggih menika proses 2 tembung, 3 tembung, 4 tembung, saha proses aksara wiwitan. Pandhapuking *argot* *singkatan* menika dipunperang dados 3, inggih menika proses 2 aksara, 3 aksara, saha proses 4 aksara

Panganggening basa *argot* inggih menika nalika basa *argot* dipunginakaken wekdal pawicantenan dening sinten kemawon. Panganggening basa *argot* ingkang wonten salebeting pirembagan inggih menika; 1) dadosaken lucu; 2) ngandharaken pasemon; 3) nyingidaken sawijining perkawis; 4) *Konatif* (damel tetembungan ingkang dipunanggep kasar dados ketingal langkung alus); 5) *Ekspresif* (nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah); 6) *Referensial* (ngandharaken panyaruwe utawi kritik).

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Wonten ing panaliten menika ngginakaken jinising panaliten *deskriptif*. Panaliten kanthi *metode deskriptif* inggih menika panaliten ingkang nggambaraken asiling panaliten kanthi menapa wontenipun lan mboten mbiji lepat menapa leresipun (Sudaryanto, 1988: 62). Dados *metode* panaliten ingkang dipuntindakaken ing panaliten menika adhedhasar kasunyatan. Asiling *dhata deskriptif* inggih menika awujud tembung lisan basa *argot*. *Dhata* panaliten menika dipunkempalaken kanthi cara *teknik wawancara*, saha teknik *SBLC (Simak Bebas Libat Cakap)*. Ancasipun inggih menika kangge nuwuhaken saha ngrembakakaken basa *argot* ingkang kapanggihaken.

B. Subjek, Objek saha Dhata Panaliten

Subjek panalitenipun inggih menika panatur ingkang ngandharaken basa *argot*, dene panaturipun inggih menika para mudha utawi kaneman wonten ing Dhusun Deggung Tridadi Sleman ingkang cacahipun 20-25 tiyang.

Objek panaliten inggih menika tuturan ingkang ngemot tembung basa *argot* ing Dhusun Deggung Tridadi Sleman. Tembung-tembung basa *argot* ingkang dados dhata panalitenipun. *Objek* panaliten ugi dipundhukung dening konteks pawicantenan wonten ing Dhusun Deggung Tridadi Sleman menika.

Papanipun wonten ing griyanipun Aan lan Heri, ingkang asring dipunginakaken kangge kempal pemudha ingkang sami dolanan gable utawi karambol wonten ing sangajenganipun griyanipun Aan menika. Aan menika ketua pemudha Dhusun Deggung Tridadi Sleman. Heri menika salah satunggaling pemudha utawi wiranem ingkang ugi asring kempal-kempal pemudha. Wonten ing ngajeng griyanipun Heri ugi kleresan wonten lapangan pingpong ingkang asring dipunginakaken kagem pingpong sesarengan pemudha Dhusun. Wekdalipun inggih menika wekdal sonten (16.00-18.00), saha dalu (19.00-22.00) utawi wekdal kempal kaliyan para kaneman wonten ing Dhusun Deggung Tridadi Sleman menika.

C. Cara Ngempalaken Dhata

Caranipun ngempalaken *dhata* wonten ing panaliten inggih menika ngginakaken *metode simak*. Dipunsebat *metode simak* awit dipunlampahi mawi cara nyemak *informan* anggenipun ngginakaken basa (Chaer, 2007:96). Kangge njangkepi anggenipun ngginakaken *metode simak*, panaliten ugi ngginakaken *teknik sadap*. *Teknik sadap* ingkang dipunginakaken inggih menika *teknik simak libat cakap* saha *teknik simak bebas libat cakap*.

Teknik simak libat cakap menika boten sami kaliyan *wawancara*. Panaliti menika urun rembug saha nyemak pawicantenan kanthi cara nyuwun pirsaa dhateng panutur ngginakaken basa *argot* supados panuturipun ugi ngginakaken basa *argot* kanthi *konteks* tartamtu. Menawi *teknik simak bebas libat cakap*

menika panaliten namung nggatosaken pawicantenan para panatur sami pawicantenan tanpa urun rembug ing pawicantenan kasebat.

Cara anggenipun ngempalaken dhata dipunlajengaken kanthi cara ngrekam saha nyerat. Nalika nyemak pawicantenan, panaliti ugi ngrekam pawicantenan kasebat. Saking asiling ngrekam, *dhata* saha *konteks* pawicantenan dipunserat wonten ing kertu *dhata*. Dene ngginakaken cara ngrekam saha nyathet *dhata* menika gadhah ancas supados langkung gampang anggenipun nganalisis dhatanipun, saha boten gampang kesupen lan boten wonten *dhata* ingkang ical.

D. Pirantosing Panaliten

Pirantosing panaliten ingkang utami inggih menika panaliti piyambak (*human instrument*). Miturut pamanggih Moleong (2007: 168). Panaliti minangka pirantining panaliten dados piranti kangge ngempalaken dhata.

Wonten ing lapangan, panaliti dipunbiyantu dening mapinten-pinten pirantos bantu ing antawisipun pirantos kangge ngrekam ingkang wonten *handphone*, saha kertu *dhata*. *Handphone* menika dipunginakaken kangge ngrekam, supados saged nggampilaken panaliti anggenipun nglebetaken dhata, saha boten wonten dhata ingkang ical. Asiling ngrekam dipunserat wonten ing kertu *dhata* supados gampang anggenipun nganalisis dhata. Kartu *dhata* dipundamel kanthi ancas kangge nggampilaken panaliti nalikanipun ngempalaken dhata. Sasampunipun dhata kapanggihaken lajeng dhata kasebat kaserat ing kartu *dhata* Wujuding kertu *dhata* ingkang dipunginakaken kados ing ngandhap menika.

Tabel 1. Wujud *kartu dhata*

Ukara	Jeng Ana mono akeh dhuwite, wong wadon balon.
Konteks	Pawicantenan antawisipun <i>remaja</i> , dipun ginakaken kangge nyingidaken sawijining prekawis ingkang kaanggep kirang sopan.
Wujuding basa argot	Balon : sing bayar oleh kelon
<i>Fungsi</i> panganggening	Nyingidaken sawijining prekawis

E. Cara Nganalisis Dhata

Caranipun nganalisis dhata wonten ing panaliten menika ngginakaken analisis *deskriptif*. Panaliti ngandharaken wujud, cara pandhapuking, saha cak-cakanipun basa *argot*. Cara nganalisis dhata ingkang wonten ing panaliten saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

1. *Kategorisasi*, inggih menika dhata dipunpantha-pantha saha dipuntitipriksa adhedasar wujuding basa *argot*.
2. Wujuding tembung basa *argot* lajeng dipunanalisis kadospundi tatacara pandhapuking tembungipun.
3. Dipunanalisis *fungsi* panganggening basa argot menika.
4. *Tabulasi*, inggih menika ngandharaken *dhata* ingkang dipuntliti wonten ing *tabel*.
5. Ngandharaken asiling nganalisis *dhata* lajeng dipunpendhet dudutanipun.

Kajawi saking andharan caranipun nganalisis data wonten ing nginggil menika, ugi wonten *tabel* nganalisis data ingkang badhe kaandharaken kados wonten ing ngandhap menika.

Tabel 2. Wujud tabel analisis dhata

No	Data	Wujud & Proses Pandhapuking basa <i>argot</i>											Fungsi Panganggening					Andharan					
		Akronim											Singkatan										
		2 Tembung			3 Tembung				4 Tembung				2	3	4								
		WW	WP	PP	WWW	WWP	WPP	PPP	WWW	WWWP	WPWP	PPPP	AW	WW	WWW	WWW	Ndadosaken lucu		Ngandharaken pasemon	Nvingidaken sawiining prekawis	Ngalusaken tembung	Nedahaken solahbawa/ pangrasaning manah	Ngandharaken panyaruwe
1	2	3	4	5	6	7	8	9	1	1	1	1	1	1	1	1	1	2	2	2	2	24	
									0	1	2	3	4	5	6	7	8	9	0	1	2	3	

F. Validitas saha Reliabilitas

Cara ngesahaken dhata wonten ing panaliten menika ngginakaken validitas saha *reliabilitas stabilitas*. Validitas dhata ngginakaken cara *expert judgement* utawi *pertimbangan ahli*. *Expert judgement* dipuntindakaken kanthi cara panaliti ngawontenaken pirembagan kaliyan *dosen ahli* saha panaliti sanes ingkang mangertos babagan perkawis saking dhata-dhata asiling panaliti. Cara menika dipunjab saged dados cara kangge ngesahaken *dhata* panaliten.

Lampah saklajengipun wonten *uji reliabilitas*. Panaliten menika ngginakaken *Reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* dipunrembag kanthi ngambali hasil panaliten ingkang awujud dhata saha rekaman wicantenan masarakat dhusun Deggung Tridadi Sleman, mliginipun ingkang wonten

dhatanipun basa *argot* ingkang dados dhata panaliten. Dhata ingkang sampun kapanggihaken menika kajumbuhaken malih kaliyan rekamanipun supados pikantuk dhata ingkang valid.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

Wonten ing bab menika badhe kaandharaken asiling panaliten saha pirembagan basa *argot* wonten ing Dhusun Deggung Tridadi Sleman. Ing subbab utawi perangan asiling panaliten badhe dipunandharaken asil saking panaliten menika, amrih gampilipun badhe kaandharaken mawi wujud tabel. Dene ing subbab pirembagan badhe dipunandharaken pirembaganipun. Bab pirembagan menika badhe ngandharaken wujud, proses pandhapuking saha fungsi panganggening basa *argot* wonten ing dhusun Deggung Tridadi, Kabupaten Sleman. Asiling panaliten saha pirembaganipun kados andharan ing ngandhap menika.

A. Asiling Panaliten

Asil saking panaliten menika arupi data wujud, proses pandhapuking saha fungsi panganggening basa *argot* wonten ing dhusun Deggung Tridadi, Kabupaten Sleman. Anggenipun ngandharaken asiling panaliten, badhe dipunserat mawi tabel ingkang ngemot tuladha-tuladha wujud saha wujud, proses pandhapuking saha fungsi panganggening basa *argot* menika. Asiling panaliten babagan wujud, proses pandhapuking saha fungsi panganggening basa *argot* wonten ing dhusun Deggung Tridadi, Kabupaten Sleman badhe dipunandharaken kados ing ngandhap menika kanthi wujud tabel.

Tabel 3. Wujud, pandhapuking, saha panganggening Basa Argot wonten ing Dhusun Deggung Tridadi, Kabupaten Sleman.

No	Wujud basa argot	Pandhapuking basa argot	Fungsi panganggening basa argot	Andharan
1	2	3	4	5
1	Akronim a. Kadadosan saking 2 tembung	1) Wanda wiwitan-wanda wiwitan	a) Ndadosaken lucu	O2 : “Kabeh wong ki pancen sendu , ora ana wong sing ora sendu”. -Saking tembung <i>seneng</i> , dipunpendhet wanda wiwitan <i>se-</i> , -Wonten tambahan fonem – n- sasampunipun wanda wiwitan <i>se-</i> , satemah dados wanda <i>sen-</i> , lajeng <i>dhuwit</i> , dipunpendhet wanda wiwitan <i>dhu-</i> , dados tembung sendhu. -Dipunamel namung kangge ndadosaken lucu nalika wicantenan kanthi basa ingkang nganeh-anehi.
			b) Ngandharaken pasemon	O1 : “Lha iya cetha senenge warna jambon, wong kowe kui wawan ”. -Saking tembung <i>wanita</i> , dipunpendhet wanda wiwitan <i>wa-</i> , -Wonten tambahan fonem – n- sasampunipun wanda wiwitan <i>wa-</i> , satemah dados wanda <i>wan-</i> , lajeng <i>wandu</i> , dipunpendhet wanda wiwitan <i>wan-</i> , dados tembung wawan. -Ngandharaken pasemon menika dipunginakaken amargi tembung <i>argot</i> menika langkung tumuju ing manahipun tiyang nalika nguda raos.
			c) Damel tetembungan ingkang	O1 : “Mlaku wae kangelan, wong dheweke kuwi kasus ”. -Saking tembung <i>kabotan</i> ,

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
			kasar dados ketingal langkung alus.	dipunpendhet wanda wiwitan ka- , lajeng susu , dipunpendhet wanda wiwitan su- , -Wonten tambahan fonem –s- sasampunipun wanda wiwitan su- , satemah dados wanda sus- , dados tembung kasus. -Ngginakaken tetembungan menika boten nglarani manahipun liyan.
		2) Wanda wiwitan-wanda pungkasan	Nyingidaken sawijining perkawis	O1 : “ Balon pojokan beteng kae saiki malih tuwa”. - Saking tembung bayar , dipunpendhet wanda wiwitan ba- , lajeng kelon , dipunpendhet wanda pungkasan -lon , dados tembung balon. - Nyingidaken perkawis supados tiyang saking sakjawanipun klompok boten mangertosi.
		3) Wanda pungkasan-wanda pungkasan	a) Damel tetembungan ingkang dipunanggep kasar dados ketingal langkung alus.	O1: “Cah tujuh , maskeran wae malah luwih ayu”. -Saking tembung untu , dipunpendhet wanda pungkasan -tu , lajeng maju , dipunpendhet wanda pungkasan -ju , -Wonten tambahan fonem –h- sasampunipun wanda wiwitan ju- , satemah dados wanda juh- , dados tembung tujuh. -Ngginakaken tetembungan menika boten nglarani manahipun liyan.
			b) Ndadosaken lucu	O1 : “ <i>Selamat malam</i> pak guru, mesthi nembe tangi turu, Guru kuwi minggu turu kok ya...”. - Saking tembung minggu , dipunpendhet wanda

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				<p>pungkasan -gu, lajeng туру, dipunpendhet wanda pungkasan -ru, dados tembung guru.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Dipundamel namung kangge ndadosaken lucu nalika wicantenan kanthi basa ingkang nganeh-anehi.
			c) Nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah	<p>O1 : “Ayo tuku sengsu”</p> <ul style="list-style-type: none"> - Saking tembung tongseng, dipunpendhet wanda pungkasan -seng, lajeng asu, dipunpendhet wanda pungkasan -su, dados tembung sengsu. - Pangrasaning manah menika angel menawi badhe dipunadharaken kanthi langsung amargi rasa isin, utawi rikuh. Saenggo dipunpadosi tetembungan ingkang mligi ingkang saged nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah.
			d) Ngandharaken panyaruwe utawi kritik.	<p>O1 : “Ora usah kakean gaya, yen ora nduwe ya saanane wae, wanita rendan kuwi ketara wujud”.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Saking tembung kere, dipunpendhet wanda pungkasan -re, lajeng dandan, dipunpendhet wanda pungkasan -dan, -Wonten tambahan fonem -n- sasampunipun wanda pungkasan -re, satemah dados wanda ren-, dados tembung rendan. - Ngandharaken panyaruwe menika ateges ngandharaken panyaruwenipun wonten ing sangajenging masarakat wiyar. Awit saking menika panyaruwe saged damel

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				<p>drajatipun ingkang dipunkritik dados mangandhap. Saking menika nalika ngandharaken panyaruwe ngginakaken <i>argot</i> supados tiyang ingkang sajawinipun <i>konteks</i> boten mangertos.</p>
	<p>b. Kadados-an saking 3 tembung</p>	<p>1) Wanda wiwitan-wanda wiwitan-wanda wiwitan</p>	<p>a) Nyingidaken sawijining perkawis</p> <p>b) Damel tetembungan ingkang dipunanggep kasar dados ketingal langkung alus.</p> <p>c) Ngandaraken panyaruwe utawi kritik</p>	<p>O1: “Sajak arep mangkal kae Jeng Ana nganggo busana sekwilda”.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Saking tembung <i>seksi</i>, dipunpendhet wanda wiwitan <i>sek-</i>, <i>wilayah</i>, dipunpendhet wanda wiwitan <i>wi-</i>, lajeng tembung <i>dada</i>, dipunpendhet wanda wiwitan <i>da-</i>. - Wonten tambahan fonem -l- sasampunipun wanda wiwitan wi-, satemah dados wanda wil-, dados tembung sekwilda. - Nyingidaken perkawis supados tiyang saking sakjawinipun klompok boten mangertosi. <p>O1 : “Pindah anggonmu kerja, aja dadi awkarin wae”.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Saking tembung <i>awak</i>, dipunpendhet wanda wiwitan a- (+wanda –w-) <i>kakehan</i>, dipunpendhet wanda wiwitan ka-, lajeng tembung <i>rinso</i>, dipunpendhet wanda wiwitan rin-. Dados tembung awkarin. - Ngginakaken tetembungan menika boten nglarani manahipun liyan. <p>O2 : “Ora ya, nek aku modal ora kaya Lambang sumitro.”</p> <ul style="list-style-type: none"> - Saking tembung <i>suka</i>, dipunpendhet wanda

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				<p>wiwitan <i>su-</i>, lajeng <i>mintā</i>, dipunpendhet wanda wiwitan <i>mi-</i>,</p> <ul style="list-style-type: none"> - Wonten tambahan fonem –t- sasampunipun wanda wiwitan <i>mi-</i>, satemah dados wanda <i>mit-</i>, lajeng <i>rokok</i> dipunpendhet wanda wiwitan <i>ro-</i>. Dados tembung sumitro. - Ngandharaken panyaruwe menika ateges ngandharaken panyaruwenipun wonten ing sangajenging masarakat wiyar. Awit saking menika panyaruwe saged damel drajatipun ingkang dipunkritik dados mangandhap. Saking menika nalika ngandharaken panyaruwe ngginakaken <i>argot</i> supados tiyang ingkang sajawinipun <i>konteks</i> boten mangertos.
		2) Wanda wiwitan-wanda wiwitan-wanda pungkasan	<p>a) Nyingidaken sawijining prekawis</p> <p>b) Damel tetembungan ingkang dipunanggep kasar dados ketingal</p>	<p>O1: “Tak mangkal sik ya, golek papaya”.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Saking tembung <i>papa</i>, dipunpendhet wanda wiwitan <i>pa-</i>, <i>papa</i>, dipunpendhet wanda wiwitan <i>pa-</i>, lajeng tembung <i>kaya</i>, dipunpendhet wanda pungkasan <i>-ya</i>. Dados tembung papaya. - Nyingidaken perkawis supados tiyang saking sakjawinipun klompok boten mangertosi. <p>O2 : “Sorry ya, aku dudu gerombolan boboho kaya pojokan kae”.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Saking tembung <i>bocah</i>, dipunpendhet wanda wiwitan <i>bo-</i>, <i>bocah</i>,

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
			langkung alus.	dipunpendhet wanda wiwitan bo- , lajeng tembung maho , dipunpendhet wanda pungkasan -ho . Dados tembung boboho. - Ngginakaken tetembungan menika boten nglarani manahipun liyan.
			c) Nedahaken solah bawa utawi pangrasaning manah	O1 : “Dina kemis, tapi atine isih selasa ”. - Saking tembung sementara , dipunpendhet wanda wiwitan se- , lara dipunpendhet wanda wiwitan la- , lajeng tembung nelangsa , dipunpendhet wanda pungkasan -sa . Dados tembung selasa . - Pangrasaning manah tertamtu biasanipun angel menawi badhe dipunadharaken kanthi langsung, awit amargi rasa isin, utawi rasa rikuh boten tega, saengga dipunpadosi tetembungan ingkang mligi ingkang saged nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah.
		3) Wanda wiwitan-wanda pungkasan-wanda pungkasan	a) Ngandharaken pasemon	O2: “Saiki jamane lagi guru pacaran karo muride, guritno kuwi mau”. - Saking tembung guru , dipunpendhet wanda wiwitan gu- , murid dipunpendhet wanda pungkasan -rid , (mawi ewah-ewahan fonem -t - dados -d-), lajeng tembung kena , dipunpendhet wanda pungkasan -na . satemah ndadosaken tembung guritno . - Dipunginakaken kanthi ancas nguda raos kanthi

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				<p>boten langsung dhateng wawan wicara. Pasemon menika dipunginakaken amargi kabiji langkung tumuju ing manahipun tiyang nalika nguda raos.</p>
		4) Wanda pungkasan-wanda pungkasan-wanda pungkasan	a) Ndadosaken lucu	<p>O1 : “Merga pas dina neton, Tuginem gawe among-among, saiki rak setu legi mung ora pas tanggal enem”.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Saking tembung <i>setu</i>, dipunpendhet wanda pungkasan –<i>tu</i>, <i>legi</i> dipunpendhet wanda pungkasan –<i>gi</i>, lajeng tembung <i>enem</i>, dipunpendhet wanda pungkasan –<i>nem</i>. Satemah ndadosaken tembung tuginem. - Dipundamel namung kangge ndadosaken lucu nalika wicantenan kanthi basa ingkang nganeh-anehi.
	c. Kedadosan saking 4 tembung	1) Wanda wiwitan - wanda wiwitan-wanda wiwitan-Wanda wiwitan	a) Ndadosaken lucu	<p>O1 : “Kawit biyen pacarmu lemu-lemu ya, pedoman uripmu pecel lele kok ya...”.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Saking tembung <i>pecinta</i>, dipunpendhet wanda wiwitan <i>pe-</i>, <i>cewek</i>, dipunpendhet wanda wiwitan <i>ce-</i> (mawi owah-owahan fonem –<i>l-</i>), Lajeng saking tembung <i>lemu</i>, dipunpendhet wanda wiwitan <i>le-</i>, <i>lemu</i>, dipunpendhet wanda wiwitan <i>le-</i>, Dados tembung pecel lele. - Dipundamel namung kangge ndadosaken lucu nalika wicantenan kanthi basa ingkang nganeh-anehi.
			b) Ngandharaken panyaruwe	<p>O2: “Bensin arep mundhak meneh, pertamina tenan”.</p>

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
			utawi kritik	<ul style="list-style-type: none"> - Saking tembung <i>per</i>, dipunpendhet wanda wiwitan <i>per-</i>, <i>tahun</i>, dipunpendhet wanda wiwitan <i>ta-</i>. Lajeng saking tembung <i>minyak</i>, dipunpendhet wanda wiwitan <i>mi-</i>, <i>naik</i>, dipunpendhet wanda wiwitan <i>na-</i>, satemah ndadosaken tembung <i>pertamina</i>. - Ngandharaken panyaruwe menika ateges ngandharaken panyaruwenipun wonten ing sangajenging masarakat wiyar. Awit saking menika panyaruwe saged damel drajatipun ingkang dipunkritik dados mangandhap. Saking menika nalika ngandharaken panyaruwe ngginakaken <i>argot</i> supados tiyang ingkang sajawinipun <i>konteks</i> boten mangertos.
		2) Wanda wiwitan - wanda wiwitan - wanda wiwitan- wanda pungkasan	a) Ngandharaken pasemon	<p>O1 : “Mbok golek sing prawan, bocah kok seneng banget karo randha, dhasar koperasi”.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Saking tembung <i>komunitas</i>, dipunpendhet wanda wiwitan <i>ko-</i>, <i>pecinta</i> dipunpendhet wanda wiwitan <i>pe-</i>, <i>randha</i> dipunpendhet wanda wiwitan <i>ra-</i>, lajeng <i>seksi</i>, dipunpendhet wanda pungkasan –<i>si</i>. Satemah mujudaken tembung <i>koperasi</i>. - Dipunginakaken kanthi ancas nguda raos kanthi boten langsung dhateng

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				wawan wicara. Pasemon menika dipunginakaken amargi kabiji langkung tumuju ing manahipun tiyang nalika nguda raos.
		3) Wanda wiwitan - wanda pungkasan - wanda wiwitan- wanda pungkasan	a) Nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah	O2: “Ohh.. si Ali Vino , anak cilik vikiran porno” - Saking tembung anak , dipunpendhet wanda wiwitan a- , cilik dipunpendhet wanda pungkasan -lik , (ngicali fonem –k-), vikiran dipunpendhet wanda wiwitan vi- , (mawi owah-owahan fonem –v-) dados pi- ,lajeng porno , dipunpendhet wanda pungkasan -no . Dados tembung ali vino . - Pangrasaning manah tertamtu biasanipun angel menawi badhe dipunadharaken kanthi langsung, awit amargi rasa isin, utawi rasa rikuh boten tega, saengga dipunpadosi tetembungan ingkang mligi ingkang saged nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah.
		4) Wanda pungkasan - wanda pungkasan - wanda pungkasan – wanda pungkasan	a) Nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah	O1: “Wan, kae juraganmu, Tuan Sinyo arep menyang ngendi kok besus”. - Saking tembung untu , dipunpendhet wanda pungkasan -tu , kedawan dipunpendhet wanda pungkasan -an , gusi dipunpendhet wanda pungkasan -si , lajeng menyonyo , dipunpendhet wanda pungkasan -nyo . Satemah mujudaken tembung Tuan Sinyo .

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				<ul style="list-style-type: none"> - Pangrasaning manah tertamtu biasanipun angel menawi badhe dipunadharaken kanthi langsung, awit amargi rasa isin, utawi rasa rikuh boten tega, saengga dipunpadosi tetembungan ingkang mligi ingkang saged nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah.
		5) Aksara wiwitan-aksara wiwitan-aksara wiwitan.	a) Ngandharaken pasemon	<p>O2 : “Karang bocah OBLO, ya pantes wae ora tau bali”.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Saking aksara O, dados cekakan Organisasi, aksara B, dados cekakan Bocah, lajeng L, dados cekakan lali, O dados cekakan omah . Dados tembung OBLO - Dipunginakaken kanthi ancas nguda raos kanthi boten langsung dhateng wawan wicara. Pasemon menika dipunginakaken amargi kabiji langkung tumuju ing manahipun tiyang nalika nguda raos.
			b) Nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah	<p>O2 : “Nyuwun pangapunten, sikute dijaga mas, OSIS nggih”.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Saking aksara O, dados cekakan Ojo, aksara S, dados cekakan Senggol, lajeng I, dados cekakan Iki, S dados cekakan susu . Dados tembung OSIS - Pangrasaning manah tertamtu biasanipun angel menawi badhe dipunadharaken kanthi langsung, awit amargi rasa isin, utawi rasa rikuh boten tega, saengga dipunpadosi tetembungan ingkang mligi

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				ingkang saged nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah.
2.	SINGKATAN a. Kedadosan saking 2 tembung	1) Aksara wiwitan - aksara wiwitan	a) Damel tetembungan ingkang dipunanggep kasar dados ketingal langkung alus.	O2 : “Owalah bocah MA kae to biyangane ki”. - Aksara M , menika saking cekakan <i>mrongos</i> , A saking cekakan <i>Ajeg</i> . Satemah MA ndadosaken cekakan <i>Mrongos Ajeg</i> . - Ngginakaken tetembungan menika boten nglarani manahipun liyan.
	b. Kedadosan saking 3 tembung	1) Aksara wiwitan - aksara wiwitan - aksara wiwitan	a) Ndadosaken lucu	O1 : “ BRI ning udu bank, kae le nyambutgawe yen sore wong Bakul Roti Ideran”. - Aksara B , menika saking cekakan <i>Bakul</i> , R saking cekakan <i>Roti</i> , I saking cekakan <i>Ideran</i> . Satemah BRI ndadosaken cekakan <i>Bakul Roti Ideran</i> . - Dipundamel namung kangge ndadosaken tiyang gumujeng awit boten wonten ancas utawi ayahan tartamtu.
			b) Ngandharaken pasemon	O2 : “Karang bocah LMD , awak ireng orapapa, asal rambute landa”. - Aksara L , menika saking cekakan <i>Landa</i> , M saking cekakan <i>Mung</i> , D saking cekakan <i>ndhase</i> . Menika mawi ewah-ewahan ngicalaken fonem -n- , ingkang dipunagem fonem -d- . Satemah LMD ndadosaken cekakan <i>Landa Mung nDase</i> . - Dipunginakaken kanthi ancas nguda raos kanthi boten langsung dhateng wawan wicara. Pasemon menika dipunginakaken

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				amargi kabiji langkung tumuju ing manahipun tiyang nalika nguda raos.
			c) Nyingidaken sawijining prekawis	<p>O1: “Yen ora kulina aja ngombe BCA”.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Aksara B, menika saking cekakan Bir, C saking cekakan Campur, A saking cekakan Anggur .Satemah BCA ndadosaken cekakan Bir Campur Anggur. - Nyingidaken perkawis supados tiyang saking sakjawinipun klompok boten mangertosi.
			d) Damel tetembungan ingkang dipunanggep kasar dados ketingal langkung alus	<p>O1 : “Bakule jamu kae jaan, SGM tenan”.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Aksara S, menika saking cekakan Susu, G saking cekakan Gedhe, Msaking cekakan Montok .Satemah SGM ndadosaken cekakan Susu Gedhe Montok. - Ngginakaken tetembungan menika boten nglarani manahipun liyan.
			e) Ngandharaken panyaruwe utawi kritik	<p>O1 : “Mbok sing tanggung jawab, ora mung CCP”.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Aksara C, menika saking cekakan Cangking, C saking cekakan Ciak, P saking cekakan Plencing .Satemah CCP ndadosaken cekakan Cangking Ciak Plencing. - Ngandharaken panyaruwe menika ateges ngandharaken panyaruwenipun wonten ing sangajenging masarakat wiyar. Awit saking menika panyaruwe saged damel drajatipun ingkang dipunkritik dados mangandhap. Saking

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				<p>menika nalika ngandharaken panyaruwe ngginakaken <i>argot</i> supados tiyang ingkang sajawinipun <i>konteks</i> boten mangertos.</p>
	c. Kedadosan saking 4 tembung	1) Aksara wiwitan - aksara wiwitan - aksara wiwitan – aksara wiwitan	a) Ndadosaken lucu	<p>O1 : “Jebul Fajar nggone Pak Madi kae saiki kuliyah nang STTL”.</p> <p>-Aksara S, menika saking cekakan Sekolah, T saking cekakan Thenguk, T saking cekakan Thenguk, L saking cekakan Lulus. Satemah STTL ndadosaken cekakan Sekolah Thenguk Thenguk Lulus.</p> <p>-Dipundamel namung kangge ndadosaken tiyang gumujeng awit boten wonten ancas utawi ayahan tartamtu.</p>
			b) Nyingidaken sawijing prekawis	<p>O1 : “Wis usum udan, UDKP penak”.</p> <p>-Aksara U, menika saking cekakan Udan, D saking cekakan Deres, K saking cekakan Kelonan, Psaking cekakan Penak. Satemah UDKP ndadosaken cekakan Udan Deres Kelonan Penak.</p> <p>- Nyingidaken perkawis supados tiyang saking sajawinipun klompok boten mangertosi.</p>
			c) Ngandharaken panyaruwe utawi kritik	<p>O2 : “Gerombolane pojokan sing gaweane LKMD”.</p> <p>-Aksara L, menika saking cekakan Lamar, K saking cekakan Keri, M saking cekakan Meteng, D saking cekakan Dhisik. Satemah LKMD ndadosaken cekakan Lamar Keri Meteng Dhisik.</p> <p>- Ngandharaken panyaruwe</p>

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
				menika ateges ngandharaken panyaruwenipun wonten ing sangajenging masarakat wiyar. Awit saking menika panyaruwe saged damel drajatipun ingkang dipunkritik dados mangandhap. Saking menika nalika ngandharaken panyaruwe ngginakaken <i>argot</i> supados tiyang ingkang sajawinipun <i>konteks</i> boten mangertos.

Adhedasar saking *tabel* ing nginggil menika saged dipuntingali wujud, cara pandhapuking, saha fungsi panganggening basa *argot* wonten ing Dhusun Denggung, Tridadi, Kabupaten Sleman. Wujud basa *argot* menika kaperang dados kalih, inggih menika wujud *akronim* saha *singkatan*. Wujud *akronim* menika ugi kaperang dados 3 wujud, inggih menika ingkang kedadosan saking 2 tembung, 3 tembung saha 4 tembung. Wujud *singkatan* ugi mekaten, kaperang dados 2 tembung, 3 tembung, saha 4 tembung.

Fungsi panganggening basa *argot* menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan inggih menika kadosta nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah, ndadosaken lucu, nyingidaken sawijining perkawis, ngandharaken panyaruwe, ngalusaken tembung ingkang kaanggep kasar dados langkung alus, saha ngandharaken pasemon.

B. Pirembagan

Wonten ing bab menika badhe dipunandharaken pirembagan saking asiling panaliten ingkang sampun dipunandharaken saderengipun. Wujud basa *argot*, *proses* pandhapuking saha fungsi panganggening basa *argot* wonten ing Dhusun Denggung Tridadi, Kabupaten Sleman menika maneka warni. Anggenipun ngandharaken dipunrembag kanthi sesambetan, amargi boten saged dipunpisah antawis perkawis setunggal kaliyan perkawis sanesipun. Supados langkung cetha badhe kaandharaken ing pirembagan ngandhap menika.

Wujudipun basa *argot* saged kaperang dados 2 wujud saged kababar wonten ing ngandap menika

1. Wujud *akronim*

Basa *argot* saged kawastanan mlebet wujud *akronim* bilih basa menika dipundhapuk adhedasar *gabungan* aksara wiwitan, wanda, lan ugi reroncening aksara saha wanda. Saking reroncening aksara kasebat kadhapuk cekakan ingkang saged dipunwaos kados dene tembung-tembung ingkang limrah Sarana (1985 :15).

a. *Akronim* 2 tembung

Wujud *akronim* tembung *argot* ingkang kedadosan saking 2 tembung biasanipun mendhet saking *akronim* ingkang sampun wonten, ananging maknaipun ewah utawi proses pandhapuking menika dipunplesetaken. Wonten ugi wujud *akronim argot* ingkang sejatosipun boten wujud *akronim* nanging dipunplesetaken ugi dados cekakan kados *akronim*. Wujud menika mligi kedadosan saking 2 tembung, boten langkung saking 2 tembung.

1) *Akronim 2* tembung wanda wiwitan-wanda wiwitan

Akronim 2 tembung kanthi proses pandhapuking wanda wiwitan-wanda wiwitan inggih menika bilih anggenipun nyekak awujud *akronim* menika saking wanda wiwitan. Sae ingkang tembung sepisanan menapa dene tembung ingkang kaping kalih.

a) *Akronim 2* tembung wanda wiwitan- wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ndadosaken lucu

Gayut kaliyan basa *argot 2* tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ndadosaken lucu, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Yanti tuturan kaliyan Nono, ngandharaken bab dhuwit

Yanti : “Matane ijo angger weruh dhuwit, dhasar sendu, matre”.

Nono : “Kabeh wong ki pancen **sendhu**, ora ana wong sing ora sendu”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika sendu. Sendu kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknaipun. Sejatospun makna saking tembung sendhu inggih menika rumaos sedhah, saha *pilu*. Nanging wonten ing tembung *argot* , sendu ewah maknaipun dados wujud *akronim*, inggih menika seneng *dhuwit*.

Proses pandhapuking tembung sendu menika saking tembung sepisanan **seneng**, dipunpendhet wanda wiwitan **se-**, nanging wonten tambahan fonem **-n-** sasampunipun wanda wiwitan **se-**, satemah dados wanda **sen-**. Tembung ingkang kaping kalih inggih menika **dhuwit**, dipunpendhet wanda wiwitan **dhu-**. Menawi tembung sepisanan kaliyan tembung kaping kalih kalawau dipunpendhet saking wanda sepisanan – wanda sepisanan dados tembung **sendhu**.

Saking tembung **sendhu** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika kangge ndadosaken lucu. Dipundamel namung kangge ndadosaken lucu nalika wicantenan kanthi basa ingkang nganeh-anehi. Yanti ngandharaken bilih Nono menika sendhu utawi matre, nanging Nono ugi ngandharaken bilih boten wonten tiyang ingkang boten sendhu. Sendhu ingkang dipunmaksud wonten ing pawicantenan inggih menika seneng dhuwit. Tiyang sanes boten mangertos sejatosipun makna sendhu menika, saengga nalikanipun mangertos makna sejatosipun sendhu mawi basa *argot*, ndadosaken gumujeng tiyang sanes amargi basa ingkah nganeh-anehi.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *argot* *akronim* 2 tembung wanda wiwitan- wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ndadosaken lucu saged dipuntingali kados ing pethikan tuturan ngandhap menika.

Konteks : Rendi tuturan kaliyan Lambang, ngandharaken babagan Pak Ali.

Rendi : “Pak Ali kok ratau ketok ya saiki”.

Lambang : “Wong Pak Ali kuwi saiki **dosen** ana ing Pasar Mlati”

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika dosen. Dosen kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknanipun. Sejatosipun makna saking tembung dosen inggih menika *tenaga pengajar* wonten ing *Perguruan Tinggi*. Nanging wonten ing tembung *argot* , dosen ewah maknanipun dados wujud *akronim*, inggih menika dodolan sendok.

Proses pandhapuking tembung dosen menika saking tembung sepisanan **dodolan**, dipunpendhet wanda wiwitan **do-**. Tembung ingkang kaping kalih inggih

menika *sendok*, dipunpendhet wanda wiwitan *sen-*. Menawi tembung sepisanan kaliyan tembung kaping kalih kalawau dipunpendhet saking wanda sepisanan – wanda sepisanan dados tembung **dosen**.

Saking tembung **dosen** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika kangge ndadosaken lucu. Dipundamel namung kangge ndadosaken lucu nalika wicantenan kanthi basa ingkang nganeh-anehi. Lambang ngandharaken bilih Pak Ali sakmenika dosen wonten ing Pasar Mlati, maksudipun inggih menika Pak Ali sadean sendok wonten ing Pasar Mlati.

b) *Akronim 2* tembung wanda wiwitan- wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ngandharaken pasemon

Gayut kaliyan basa *argot 2* tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ngandharaken pasemon, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks : Heri ngandharaken bilih Herman menika banci

Heri : O1 : “Lha iya cetha senenge warna jambon, wong kowe kui **wawan**”.

Herman : “Ya ben lah, tapi kan seksi”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika wawan. Wawan kalebet basa *argot* amargi tembung menika sejatosipun wawan inggih menika nami salah satunggaling tiyang wonten ing Dhusun Denggung kasebat, saha boten gadhah makna ingkang mligi. Nanging wonten ing tembung *argot*, wawan gadhah makna enggal dados wujud *akronim*, inggih menika wanita wandu utawi banci.

Proses pandhapuking tembung wawan menika saking tembung sepisanan *wanita*, dipunpendhet wanda wiwitan *wa-*. Tembung ingkang kaping kalih inggih menika *wandu*, dipunpendhet wanda wiwitan *wan-*. Menawi tembung sepisanan kaliyan tembung kaping kalih kalawau dipunpendhet saking wanda wiwitan – wanda wiwitan dados tembung **wawan**.

Saking tembung **wawan** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika kangge ngandharaken pasemon. Panutur nglisanaken tembung *wawan* menika kangge ngandharaken pasemon dhateng Herman ingkang menapa-menapanipun sarwa jambon kados tiyang estri. Heri mastani bilih Herman menika wandu utawi banci amargi remen koleksi *barang-barang* ingkang werninipun jambon.

- c) *Akronim 2* tembung wanda wiwitan- wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* damel tetembungan ingkang kasar dados katingal langkung alus.

Gayut kaliyan basa *argot 2* tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* damel tetembungan ingkang kasar dados katingal langkung alus, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Heri ngandharaken bilih Mbak Ida kabotan susu.

Heri : “Mlaku wae kangelan, wong dheweke kuwi **kasus**”.

Bian : “Hus, ora seru-seru, mengko Mbak Ida krungu”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika kasus. Kasus kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknanipun. Sejatosisipun makna saking tembung kasus

inggih menika kawontenan ingkang sejatosipun wonten salah satunggaling prekawis *hukum*. Nanging wonten ing tembung *argot*, kasus ewah maknanipun dados wujud *akronim*, inggih menika kabotan susu.

Proses pandhapuking tembung kasus menika saking tembung sepisanan *kabotan*, dipunpendhet wanda wiwitan *ka-*. Tembung ingkang kaping kalih inggih menika *susu*, dipunpendhet wanda wiwitan *su-*, nanging wonten tambahan fonem *-s-* sasampunipun wanda wiwitan *su-*, satemah dados wanda *sus-*. Menawi tembung sepisanan kaliyan tembung kaping kalih kalawau dipunpendhet saking wanda wiwitan – wanda wiwitan dados tembung **kasus**.

Saking tembung **kasus** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika kangge damel tetembungan ingkang kasar dados ketingal langkung alus. Heri ngandharaken bilih Mbak Ida badanipun alit, ananging susunipun ageng. Heri mastani bilih Mbak Ida menika kasus utawi kabotan susu. Nanging menawi kaandharaken tanpa ngginakaken basa *argot*, tembung kabotan susu kaanggep kasar, satemah kabotan susu kaandharaken mawi basa *argot* inggih menika kasus.

2) *Akronim* 2 tembung wanda wiwitan- wanda pungkasan

Akronim 2 tembung kanthi proses pandhapuking wanda wiwitan-wanda pungkasan inggih menika bilih anggenipun nyekak awujud *akronim* menika tembung sepisanan mawi wanda wiwitan, nanging tembung ingkang kaping kalih mawi wanda pungkasan.

- a) *Akronim* 2 tembung wanda wiwitan-wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nyingidaken sawijining prekawis.

Gayut kaliyan basa *argot* 2 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda wiwitan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nyingidaken sawijining prekawis, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Gilang ngandharaken *wanita nakal* kaliyan Candra.

Gilang : “**Balon** pojokan beteng kae saiki malih tuwa”.

Candra : “Yen sing ngekost nang nggone Bu Apri kae ya joss...”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika balon. Balon kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknanipun. Sejatosipun makna saking tembung balon inggih menika plembungan. Nanging wonten ing tembung *argot* , balon ewah maknanipun dados wujud *akronim*, inggih menika bayar kelon.

Proses pandhapuking tembung balon menika saking tembung sepisanan *bayar*, dipunpendhet wanda wiwitan *ba-*. Tembung ingkang kaping kalih inggih menika *kelon*, dipunpendhet wanda pungkasan *-lon*. Menawi tembung sepisanan kaliyan tembung kaping kalih kalawau dipunpendhet saking wanda wiwitan – wanda pungkasan dados tembung **balon**.

Saking tembung **balon** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika kangge nyingidaken sawijining prekawis. Nyingidaken perkawis supados tiyang saking sakjawinipun klompok boten mangertosi. Gilang ngandharaken balon menika ateges *wanita nakal*.

3) *Akronim 2* tembung wanda pungkasan- wanda pungkasan

Akronim 2 tembung kanthi proses pandhapuking wanda pungkasan-wanda pungkasan inggih menika bilih anggenipun nyekak awujud *akronim* menika saking wanda pungkasan sedaya. Sae ingkang tembung sepisanan menapa dene tembung ingkang kaping kalih.

a) *Akronim 2* tembung wanda pungkasan -wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* ndadosaken lucu

Gayut kaliyan basa *argot 2* tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda wiwitan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nyingidaken sawijining prekawis, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Bayu sapa aruh kaliyan Bambang.

Bayu : “*Selamat malam* pak guru, mesthi nembe tangi turu, **Guru** kuwi minggu turu kok ya...”.

Bambang : “Cocok, bener banget...”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **guru**. Guru kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknanipun. Sejatosisipun makna saking tembung guru inggih menika cekakan digugu lan ditiru. Nanging wonten ing tembung *argot* , guru ewah wujud cekakanipun inggih menika minggu turu.

Proses pandhapuking tembung guru menika saking tembung sepisanan *minggu*, dipunpendhet wanda pungkasan **-gu**. Tembung ingkang kaping kalih inggih menika **uru**, dipunpendhet wanda pungkasan **ru-**. Menawi tembung sepisanan kaliyan tembung kaping kalih kalawau dipunpendhet saking wanda pungkasan – wanda pungkasan dados tembung **guru**.

Saking tembung **guru** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika kangge ndadosaken lucu. Basa menika dipundamel namung kangge ndadosaken lucu nalika wicantenan kanthi basa ingkang nganeh-anehi. Guru ingkang dipunmaksud wonten ing pawicantenan inggih menika minggu turu. Tiyang sanes boten mangertos sejatosipun makna guru menika, saengga nalikanipun mangertos makna sejatosipun sendhu mawi basa *argot*, ndadosaken gumujeng tiyang sanes amargi basa ingkah nganeh-anehi.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *argot akronim* 2 tembung wanda pungkasan - wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* ndadosaken lucu saged dipuntingali kados ing pethikan tuturan ngandhap menika.

Konteks: Reni ngajak Asri dhateng pinggir blumbang.

Reni : “Ya ayo, mending thetek ana ing **pantai** pinggir blumbang, karuan panggonane silir”.
Asri : “Cocok, pas hawane sumuk iki...”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **pantai**. Pantai kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknaipun. Sejatosipun makna saking tembung pantai inggih menika pinggiran segara. Nanging wonten ing tembung *argot*, pantai ewah maknaipun dados wujud *akronim*, inggih menika papan santai.

Proses pandhapuking tembung pantai menika saking tembung sepisanan **papan**, dipunpendhet wanda pungkasan **-pan**. Tembung ingkang kaping kalih inggih menika **santai**, dipunpendhet wanda pungkasan **-tai**. Menawi tembung

sepisanan kaliyan tembung kaping kalih kalawau dipunpendhet saking wanda pungkasan – wanda pungkasan dados tembung **pantai**.

Saking tembung **pantai** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika kangge ndadosaken lucu. Basa menika dipundamel namung kangge ndadosaken lucu nalika wicantenan kanthi basa ingkang nganeh-anehi. Pantai ingkang dipunmaksud dening Reni inggih menika papan santai wonten ing pinggir blumbang, ingkang panggenanipun adhem saha silir.

b) *Akronim* 2 tembung wanda pungkasan -wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* damel tetembungan ingkang kasar dados ketingal langkung alus.

Gayut kaliyan basa *argot* 2 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda pungkasan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* damel tetembungan ingkang kasar dados ketingal langkung alus, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Heri ngandharaken bilih Mbak Lia untunipun maju.

Heri : “Cah **tujuh**, maskeran wae malah luwih ayu”.

Mbak Lia : “Asem, iki untu anugerah sing kuwasa ya”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **tujuh**. Tujuh kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknaipun. Sejatosisipun makna saking tembung tujuh inggih menika kaping pitu. Nanging wonten ing tembung *argot* , tujuh ewah maknaipun dados wujud *akronim*, inggih menika untu majuh. Proses pandhapuking tembung tujuh menika saking tembung sepisanan **untu**,

dipunpendhet wanda pungkasan *-tu*. Tembung ingkang kaping kalih inggih menika *maju*, dipunpendhet wanda pungkasan *-ju*, kanthi tambahan fonem *-h*-sasampunipun wanda wiwitan *ju-*, satemah dados wanda *juh-*. Menawi tembung sepisanan kaliyan tembung kaping kalih kalawau dipunpendhet saking wanda pungkasan – wanda pungkasan dados tembung **tujuh**.

Saking tembung **tujuh** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika kangge damel tetembungan ingkang kasar dados ketingal langkung alus. Tembung tujuh kaanggep langkung alus nalika dipunginakaken, tinimbang ngagem tembung untu maju.

c) *Akronim* 2 tembung wanda pungkasan -wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah.

Gayut kaliyan basa *argot* 2 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda pungkasan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Heri badhe ngajak Lambang tumbas tongseng asu.

Heri : “Ayo tuku **sengsu**”

Lambang : “Ayo bro, nanging aja omong Bapakku”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **sengsu**. *Sengsu* kalebet basa *argot* amargi tembung menika sejatosipun boten gadhah makna. Nanging wonten ing tembung *argot* , *sengsu* gadhah makna enggal dados wujud *akronim*, inggih menika tongseng asu.

Proses pandhapuking tembung sengsu saking tembung sepisanan *tongseng*, dipunpendhet wanda pungkasan –*seng*. Tembung ingkang kaping kalih inggih menika *asu*, dipunpendhet wanda pungkasan –*su*. Menawi tembung sepisanan kaliyan tembung kaping kalih kalawau dipunpendhet saking wanda pungkasan – wanda pungkasan dados tembung **sengsu**.

Saking tembung **sengsu** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika kangge nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah. Pangrasaning manah menika angel menawi badhe dipunadharaken kanthi langsung amargi rasa isin, utawi rikuh. Saenggo dipunpadosi tetembungan ingkang mligi ingkang saged nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah kados tembung **sengsu** menika. Heri rumaos rikuh badhe ngajak Lambang tumbas tongseng asu amargi Lambang menika tiyang muslim, haram menawi dhahar kewan asu. Tembung *argot* wujud sengsu menika ingkang kabiji saged nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah.

d) *Akronim* 2 tembung wanda pungkasan -wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* ngandharaken panyaruwe utawi kritik.

Gayut kaliyan basa *argot* 2 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda pungkasan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* ngandharaken panyaruwe utawi kritik, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Heri ngandharaken bilih Mbak Lia menika tiyang boten patosa sugih,
nanging remen dandan.

Heri : “Ora usah kakean gaya, yen ora nduwe ya saanane wae, wanita **rendan** kuwi ketara wujud”.

Mbak Lia : “Yoben, sing penting gincunan...”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **rendan**. Rendan kalebet basa *argot* amargi tembung menika sejatosipun boten gadhah makna. Nanging wonten ing tembung *argot*, rendan gadhah makna enggal dados wujud *akronim*, inggih menika kere dandan.

Proses pandhapuking tembung rendan menika saking tembung sepisanan *kere*, dipunpendhet wanda pungkasan *-re*, kanthi tambahan fonem *-n* sasampunipun wanda pungkasan *-re*, satemah dados wanda *ren-*. Tembung ingkang kaping kalih inggih menika *dandan*, dipunpendhet wanda pungkasan *-dan*. Menawi tembung sepisanan kaliyan tembung kaping kalih dipunpendhet saking wanda pungkasan – wanda pungkasan dados tembung **rendan**.

Saking tembung **rendan** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika kangge ngandharaken panyaruwe utawi kritik. Ngandharaken panyaruwe menika ateges ngandharaken panyaruwenipun wonten ing sangajenging masarakat wiyar. Awit saking menika panyaruwe saged damel drajatipun ingkang dipunkritik dados mangandhap. Saking menika nalika ngandharaken panyaruwe ngginakaken *argot* supados tiyang ingkang sajawinipun *konteks* boten mangertos. Heri ngandharaken panyaruwe bilih Mbak Lia mboten usah remen dandan menawi boten gadhah arta (kere).

b. *Akronim* 3 tembung

Wujud *akronim* tembung *argot* ingkang kedadosan saking 3 tembung biasanipun mendhet saking akronim ingkang sampun wonten, ananging maknaipun ewah utawi proses pandhapuking menika dipunplesetaken. Wonten ugi wujud *akronim argot* ingkang sejatosipun boten wujud *akronim* nanging dipunplesetaken ugi dados cekakan kados *akronim*. Wujud menika mligi kedadosan saking 3 tembung, boten langkung saking 3 tembung.

1) *Akronim* 3 tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan.

Akronim 3 tembung kanthi proses pandhapuking wanda wiwitan-wanda wiwitan – wanda wiwitan inggih menika bilih anggenipun nyekak awujud *akronim* menika saking wanda wiwitan. Sae ingkang tembung sepisanan, tembung ingkang kaping kalih, menapa dene tembung ingkang kaping tiga. Tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

a) *Akronim* 3 tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* nyingidaken sawijining prekawis.

Gayut kaliyan basa *argot* 3 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* nyingidaken sawijining prekawis, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Heri ngandharaken bilih Jeng Ana badhe mangkal.

Heri : “Sajak arep mangkal kae Jeng Ana nganggo busana **sekwilda**”.

Mbak Lia : “Arep mbok tutke apa kepriye?”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **sekwilda**. Sekwilda kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknanipun. Sejatosisipun makna saking tembung *sekwilda* inggih menika cekakan saking *Sekretaris Wilayah Daerah*. Nanging wonten ing tembung *argot*, *sekwilda* ewah wujud cekakanipun inggih menika seksi wilayah dada.

Proses pandhapuking tembung *sekwilda* menika saking tembung sepisanan **seksi**, dipunpendhet wanda wiwitan **sek-**. Tembung ingkang kaping kalih inggih menika **wilayah**, dipunpendhet wanda wiwitan **wi-**, kanthi wonten tambahan fonem **-l-** sasampunipun wanda wiwitan **wi-**, satemah mujudaken wanda **wil-**. Tembung ingkang kaping tiga inggih menika tembung **dada**, dipunpendhet wanda wiwitan **da-**. Menawi tembung sepisanan dumugi tembung kaping tiga dipunpendhet saking wanda wiwitan sedaya dados tembung **sekwilda**.

Saking tembung **sekwilda** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika kangge nyingidaken sawijining prekawis. Nyingidaken perkawis supados tiyang saking sakjawinipun klompok boten mangertosi bilih ingkang dipunmaksud *sekwilda* inggih menika busana utawi ageman ingkang nontonaken wilayah dada.

Tuladha sanes pirembagan ingkang ngemu basa *argot* *akronim* 3 tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* nyingidaken sawijining prekawis saged dipuntingalu kados ing pethikan tuturan ngandhap menika.

Konteks: Wonten tiyang lewat sangajengipun Heri kalian Yogi, lajeng Heri

ngandharaken tuturan bilih agemanipun nonjolaken babagan kempol,
nanging kempolipun ageng.

Heri : “Wah busanane saiki **bupati**, mung sayange kempole gedhe kaya
gebug maling”.

Yogi : “Jujur banget Mas Heri...”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **bupati**. Bupati kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknanipun. Sejatosisipun makna saking tembung bupati inggih menika *kepala daerah tingkat Kabupaten*. Nanging wonten ing tembung *argot*, bupati gadhah makna enggal dados wujud *akronim*, inggih menika *buka paha tinggi*.

Proses pandhapuking tembung bupati menika saking tembung sepisanan **buka**, dipunpendhet wanda wiwitan **bu-**. Tembung ingkang kaping kalih inggih menika **paha**, dipunpendhet wanda wiwitan **pa-**. tembung ingkang kaping tiga inggih menika tembung **tinggi**, dipunpendhet wanda wiwitan **ti-**. Menawi tembung sepisanan dumugi tembung kaping tiga menika dipunpendhet wanda wiwitan sedaya, mujudaken tembung **bupati**.

Saking tembung **bupati** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika kangge nyingidaken sawijining perkawis. Nyingidaken perkawis supados tiyang saking sakjawinipun klompok boten mangertosi bilih ingkang dipunmaksud bupati inggih menika busana utawi ageman ingkang nontonaken wilayah *paha* utawi kempol.

b) *Akronim* 3 tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* damel tetembungan ingkang kasar dados ketinggal langkung alus.

Gayut kaliyan basa *argot* 3 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* damel tetembungan ingkang kasar dados ketinggal langkung alus, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Aan wicantenan kaliyan Jaka ingkang nyambutdamel wonten ing

sawijining pabrik *detergent*. Jaka sambat bilih badanipun nggodhogi amargi kenging *detergent*.

Aan : “Pindah anggonmu kerja, aja dadi **awkarin** wae”.

Jaka : “Iya, Awake kakehan rinso, makane dadi nggodhogi”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **awkarin**. Awkarin kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknanipun. Sejatosisipun awkarin gadhah makna nami salah sawijining *artis ibukota*, nanging wonten ing tembung *argot*, awkarin ewah maknanipun dados wujud *akronim*, inggih menika awak kakehan *rinso*.

Proses pandhapuking tembung awkarin menika saking tembung sepisanan **awak**, dipunpendhet wanda wiwitan **a-**, mawi tambahan fonem –w-, satemah dados wanda **aw-**. Tembung ingkang kaping kalih **kakehan**, dipunpendhet wanda wiwitan **ka-**. Tembung ingkang kaping tiga inggih menika **rinso**, dipunpendhet wanda wiwitan **rin-**. Menawi tembung sepisanan dumugi tembung kaping tiga menika dipunpendhet wanda wiwitan sedaya, mujudaken tembung **awkarin**.

Saking tembung **awkarin** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika damel tetembungan ingkang kasar supados katingal langkung alus. Aan ngandharaken bilih Jaka menika boten modal, ateges Jaka nyuwun rokokipun Aan. Aan mastani bilih Jaka namung modal konthol doang, nanging menawi kaandharaken kanthi prasaja tembung menika katingal kasar. Kanthi menika Aan ngginakaken tembung Mokondho menika.

- c) *Akronim* 3 tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ngandharaken panyaruwe utawi kritik.

Gayut kaliyan basa *argot* 3 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ngandharaken panyaruwe utawi kritik, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Heri ngledhek Jaka bilih badhe nyuwun udud.

Heri : “Mesthi arep njaluk udud”.

Jaka : “Ora ya, nek aku modal ora kaya Lambang **sumitro**.”

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **sumitro**. Sumitro kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknaipun. Sejatosisipun sumitro inggih menika Asma salah satunggaling tiyang wonten ing Dhusun Denggung kasebat, saha boten gadhah makna ingkang mligi. Nanging wonten ing tembung *argot*, sumitro ewah maknaipun dados wujud *akronim*, inggih menika suka minta rokok.

Proses pandhapuking tembung sumitro menika saking tembung sepisanan *suka*, dipunpendhet wanda wiwitan *su-*. Tembung ingkang kaping kalih *minta*, dipunpendhet wanda wiwitan *mi-*, kanthi wonten tambahan fonem *-t* sasampunipun wanda wiwitan *mi-*, satemah mujudaken wanda *mit-*. Tembung ingkang kaping tiga inggih menika *rokok* dipunpendhet wanda wiwitan *ro-*. Menawi tembung sepisanan dumugi tembung kaping tiga menika dipunpendhet wanda wiwitan sedaya, mujudaken tembung **sumitro**.

Saking tembung **sumitro** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika ngandharaken panyaruwe utawi kritik. Ngandharaken panyaruwe menika ateges ngandharaken panyaruwenipun wonten ing sangajenging masarakat wiyar. Awit saking menika panyaruwe saged damel drajatipun ingkang dipunkritik dados mangandhap. Saking menika nalika ngandharaken panyaruwe ngginakaken *argot* supados tiyang ingkang sajawinipun *konteks* boten mangertos. Jaka ngandharaken bilih piyambakipun modal rokok, boten kados Lambang sumitro, ateges Lambang *suka minta rokok* (remen nyuwun rokok).

2) *Akronim* 3 tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda pungkasan.

Akronim 3 tembung kanthi proses pandhapuking wanda wiwitan-wanda wiwitan – wanda pungkasan inggih menika bilih anggenipun nyekak awujud *akronim* menika saking tembung sepisanan saking wanda wiwitan. tembung kaping kalih saking wanda wiwitan, lan tembung kaping tiga saking wanda pungkasan. Tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

a) *Akronim* 3 tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nyingidaken sawijining prekawis.

Gayut kaliyan basa *argot* 3 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nyingidaken sawijining prekawis, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Ndari ngandharaken bilih piyambakipun badhe mkapingl.

Ndari : “Tak mkapingl sik ya, golek **papaya**”.

Mbak Lia: “Halah gayamu selangit ndes, kaya payu wae”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **papaya**. Papaya kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknanipun. Sejatosisipun papaya gadhah makna tela gantung. Nanging wonten ing tembung *argot* , papaya ewah maknanipun dados wujud *akronim*, inggih menika papa papa kaya.

Proses pandhapuking tembung papaya menika saking tembung sepisanan **papa**, dipunpendhet wanda wiwitan **pa-**. Tembung ingkang kaping kalih **papa**, dipunpendhet wanda wiwitan **pa-**. Tembung ingkang kaping tiga inggih menika **kaya** dipunpendhet wanda pungkasan **-ya**. Menawi tembung sepisanan dipunpendhet wanda sepisanan, tembung kaping kaping kalih dipunpendhet wanda sepisanan, saha tembung ingkang kaping tiga dipunpendhet wanda pungkasan mujudaken tembung **papaya**.

Saking tembung **papaya** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa

argot. Fungsi panganggening basa menika nyingidaken sawijining perkawis. Nyingidaken perkawis supados tiyang saking sakjawinipun klompok boten mangertosi tujuanipun saking tiyang kasebat ingkang badhe pados papaya (*papa papa kaya*) wonten ing pinggir mergi kanthi cara mangkal.

- b) *Akronim* 3 tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* ngandharaken damel tetembungan ingkang kasar dados ketingal langkung alus.

Gayut kaliyan basa *argot* 3 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* damel tetembungan ingkang kasar dados ketingal langkung alus, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Heri ngandharaken bilih piyambakipun boten gerombolan bocah homo.

Heri : “Sorry ya, aku dudu gerombolan **boboho** kaya pojokan kae”.

Yogi : “Tenane dab...”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **boboho**. Boboho kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknanipun. Sejatosisipun boboho gadhah makna jinis film ingkang *rilis* nalika warsa 1994. Nanging wonten ing tembung *argot*, boboho ewah maknanipun dados wujud *akronim*, inggih menika bocah-bocah *maho*. *Maho* gadhah teges bilih tiyang kakung ingkang remen kaliyan tiyang kakung ugi.

Proses pandhapuking tembung boboho menika saking tembung sepisanan *bocah*, dipunpendhet wanda wiwitan *bo-*. Tembung ingkang kaping kalih *bocah*, dipunpendhet wanda wiwitan *bo-*. Tembung ingkang kaping tiga inggih menika

maho dipunpendhet wanda pungkasan *-ho*. Menawi tembung sepisanan dipunpendhet wanda wiwitan, tembung kaping kalih dipunpendhet wanda wiwitan, lajeng tembung kaping tiga dipunpendhet wanda pungkasan mujudaken tembung **boboho**. Maho gadhah teges *manusia homo* utawi tiyang kakung ingkang remen kaliyan tiyang kakung.

Saking tembung **boboho** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika damel tetembungan ingkang kasar dados ketingal langkung alus. Tembung maho/ homo menika kaanggep tembung ingkang kasar, ngginakaken tetembungan *argot* menika boten nglarani manahipun liyan.

c) *Akronim* 3 tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nedahaken solah bawa utawi pangrasaning manah.

Gayut kaliyan basa *argot* 3 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nedahaken solah bawa utawi pangrasaning manah, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Apri nguda raos dhumateng Aji

Apri : “Dina kemis, tapi atine isih **selasa**”.
Aji : “Bocah kok mbendina galau”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **selasa**. Selasa kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknaipun. Sejatosisipun selasa gadhah makna nami salah

satunggaling dinten. Nanging wonten ing tembung *argot*, Selasa ewah maknaipun dados wujud *akronim*, inggih menika sementara lara lan nelangsa.

Proses pandhapuking tembung Selasa menika saking tembung sepisanan *sementara*, dipunpendhet wanda wiwitan *se-*. Tembung ingkang kaping kalih inggih menika *lara*, dipunpendhet wanda wiwitan *la-*. Tembung ingkang kaping tiga inggih menika *nelangsa*, dipunpendhet wanda pungkasan *-sa*. Menawi tembung sepisanan dipunpendhet wanda wiwitan, tembung kaping kalih dipunpendhet wanda wiwitan, lajeng tembung kaping tiga dipunpendhet wanda pungkasan mujudaken tembung **Selasa**.

Saking tembung **Selasa** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah. Pangrasaning manah tertamtu biasanipun angel menawi badhe dipunadharaken kanthi langsung, awit amargi rasa isin, utawi rasa rikuh boten tega, saengga dipunpadosi tetembungan ingkang mligi ingkang saged nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah kadosta tembung Selasa kasebut. Panutur menika rumaos isin menawi badhe ngandharaken yen piyambakipun nembe lara saha nelangsa. Saengga panutur ngginakaken tembung Selasa menika amakili manahipun.

3) *Akronim* 3 tembung wanda wiwitan – wanda pungkasan – wanda pungkasan.

Akronim 3 tembung kanthi proses pandhapuking wanda wiwitan-wanda pungkasan – wanda pungkasan inggih menika bilih anggenipun nyekak awujud *akronim* menika saking tembung sepisanan saking wanda wiwitan. tembung

kaping kalih saking wanda pungkasan, lan tembung kaping tiga saking wanda pungkasan.

a) *Akronim* 3 tembung wanda wiwitan – wanda pungkasan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nyingidaken sawijining prekawis.

Gayut kaliyan basa *argot* 3 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda wiwitan – wanda pungkasan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nyingidaken sawijining prekawis, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Bambang ngandharaken bilih sakmenika nembe jaman Guru pacaran kaliyan murid.

Bambang : “Saiki jamane lagi guru pacaran karo muride, **guritno** kuwi mau”.
Aji : “Apa kuwi guritno?”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **guritno**. Guritno kalebet basa *argot* amargi tembung menika sejatosipun boten gadhah makna. Nanging wonten ing tembung *argot*, guritno gadhah makna enggal dados wujud *akronim*, inggih menika Guru Murid kena.

Proses pandhapuking tembung guritno menika saking tembung sepisanan **guru**, dipunpendhet wanda wiwitan **gu-**. Tembung ingkang kaping kalih **murid**, dipunpendhet wanda pungkasan **-rid**, mawi ewah-ewahan fonem **-d-** dados **-t-**, satemah mujudaken wanda **-rid**. Tembung ingkang kaping tiga inggih menika **kena** dipunpendhet wanda pungkasan **na-**, mawi ewah-ewahan fonem **-a-** dados **-o-**, satemah mujudaken wanda **-no**. Menawi tembung sepisanan dipunpendhet wanda wiwitan, lajeng tembung kaping kalih dipunpendhet wanda pungkasan, saha

tembung kaping tiga dipunpendhet wanda pungkasan mujudaken tembung **guritno**.

Saking tembung **guritno** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika dipunginakaken kanthi ancas nguda raos kanthi boten langsung dhateng wawan wicara. Pasemon menika dipunginakaken amargi kabiji langkung tumuju ing manahipun tiyang nalika nguda raos. Tembung guritno menika kabiji langkung tumuju ing manahipun lawan tuturipun, ingkang ngandharaken menawi samenika kathah guru ingkang pacaran kaliyan murid.

4) *Akronim* 3 tembung wanda pungkasan – wanda pungkasan – wanda pungkasan.

Akronim 3 tembung kanthi proses pandhapuking wanda pungkasan - wanda pungkasan – wanda pungkasan inggih menika bilih anggenipun nyekak awujud *akronim* menika saking tembung sepisanan saking wanda pungkasan. tembung kaping kalih saking wanda pungkasan, lan tembung kaping tiga saking wanda pungkasan. Tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

a) *Akronim* 3 tembung wanda pungkasan – wanda pungkasan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* ndadosaken lucu.

Gayut kaliyan basa *argot* 3 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda pungkasan – wanda pungkasan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* ndadosaken lucu, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Bambang ngandharaken bilih sakmenika Tuginem damel among-among.

Bambang : “Merga pas dina neton, **Tuginem** gawe among-among, saiki rak setu legi mung ora pas tanggal enem”.

Aji : “Ah lumayan, tamba ngelih iki...”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **tuginem**. Tuginem kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknaipun. Sejatosisipun Tuginem inggih menika Asma salah satunggaling tiyang wonten ing Dhusun Denggung kasebat, saha boten gadhah makna ingkang mligi. Nanging wonten ing tembung *argot*, Tuginem ewah maknaipun dados wujud *akronim*, inggih menika setu legi tanggal enem.

Proses pandhapuking tembung tuginem menika saking tembung sepisanan *setu* dipunpendhet wanda pungkasan **-tu**. Tembung ingkang kaping kalih **legi**, dipunpendhet wanda pungkasan **-gi**. Tembung ingkang kaping tiga inggih menika **enem** dipunpendhet wanda pungkasan **-nem**. Menawi tembung sepisanan dipunpendhet wanda pungkasan, lajeng tembung kaping kalih dipunpendhet wanda pungkasan, saha tembung kaping tiga dipunpendhet wanda pungkasan mujudaken tembung **tuginem**.

Saking tembung **tuginem** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika ndadosaken lucu. Tembung tuginem ingkang sejatosipun menika namung nami salah satunggaling tiyang, lajeng ewah dados wujud akronim setu legi tanggal enem. Tembung menika njalari gumujeng tiyang ingkang mirengaken.

c. *Akronim* 4 tembung

Wujud *akronim* tembung *argot* ingkang kedadosan saking 4 tembung biasanipun mendhet saking akronim ingkang sampun wonten, ananging

maknanipun ewah utawi proses pandhapuking menika dipunplesetaken. Wonten ugi wujud *akronim argot* ingkang sejatosipun boten wujud *akronim* nanging dipunplesetaken ugi dados cekakan kados *akronim*. Wujud menika mligi kedadosan saking 4 tembung, boten langkung saking 4 tembung.

1) *Akronim* 4 tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan.

Akronim 4 tembung kanthi proses pandhapuking wanda wiwitan-wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan inggih menika bilih anggenipun nyekak awujud *akronim* menika saking wanda wiwitan. Sae ingkang tembung sepisanan, tembung ingkang kaping kalih, tembung ingkang kaping tiga menapa dene tembung ingkang kaping sekawan.

a) *Akronim* 4 tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ndadosaken lucu.

Gayut kaliyan basa *argot* 4 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ndadosaken lucu, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Bambang ngandharaken bilih pacaripun Yogi kawit rumiyin lemu-lemu.

Bambang : “Kawit biyen pacarmu lemu-lemu ya, pedoman uripmu **pecel lele** kok ya...”.

Yogi : “Kepenak yen duwe pacar lemu, ora dijajakke ora katon susah”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **pecel lele**. Pecel lele kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknanipun. Sejatosipun pecel lele gadhah makna

nami salah satunggaling dhaharan awujud ulam lele ingkang dipungoreng, saha anggenipun dhahar biasanipun ngginakaken sambel sarta lalapan. Nanging wonten ing tembung *argot*, pecel lele ewah maknanipun dados wujud *akronim*, inggih menika pecinta cewek lemu-lemu.

Proses pandhapuking tembung pecel lele menika saking tembung sepisanan *pecinta*, dipunpendhet wanda wiwitan *pe-*. Tembung kaping kalih *cewek*, dipunpendhet wanda wiwitan *ce-*, mawi owah-owahan fonem *-l-*, satemah mujudaken wanda *cel-*. Tembung ingkang kaping tiga *lemu*, dipunpendhet wanda wiwitan *le-*. Tembung ingkang kaping sekawan inggih menika *lemu*, dipunpendhet wanda wiwitan *le-*. Dados tembung *pecel lele*. Menawi tembung sepisanan dumugi tembung ingkang kaping sekawan dipunpendhet wanda wiwitan sedaya, mujudaken tembung **pecel lele**.

Saking tembung **pecel lele** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika ndadosaken lucu. Dipundamel namung kangge ndadosaken lucu nalika wicantenan. Tembung pecel lele ingkang dipunmaksud dening Bambang inggih menika Aji nalikanipun gadhah pacar kawit rumiyin dumugi samenika mesthi lemu-lemu. Bambang mujudaken cekakan *akronim* _pecel lele menika njalari gumujeng tiyang ingkang dipunajak wicantenan saha tiyang ingkang mirengaken wicantenan.

- b) *Akronim* 4 tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ngandharaken panyaruwe utawi kritik.

Gayut kaliyan basa *argot* 4 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ngandharaken panyaruwe utawi kritik, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks:Aan ngandharaken bilih bensin sakmenika badhe mindhak reginipun.

Aan : “Bensin arep mundhak meneh, **pertamina** tenan”.

Jaka : “Yen ora trima mundhak, diisi banyu sumur wae motormu kuwi”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **pertamina**. Pertamina kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknanipun. Sejatosisipun makna saking tembung *pertamina* inggih menika cekakan saking *Perusahaan Pertambangan Minyak dan Gas Bumi Negara*. Nanging wonten ing tembung *argot* ,*pertamina* ewah wujud cekakanipun inggih menika per tahun minyak naik.

Proses pandhapuking tembung *pertamina* menika saking tembung sepisanan *per*, dipunpendhet wanda wiwitan *per*. Tembung kaping kalih *tahun*, dipunpendhet wanda wiwitan *ta-*. Tembung ingkang kaping tiga *minyak*, dipunpendhet wanda wiwitan *mi-*. Tembung ingkang kaping sekawan inggih menika *naik*, dipunpendhet wanda wiwitan *na-*. Menawi tembung sepisanan dumugi tembung ingkang kaping sekawan dipunpendhet wanda wiwitan sedaya, mujudaken tembung **pertamina**.

Saking tembung **pertamina** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika ngandaraken panyaruwe utawi kritik. Ngandharaken panyaruwe menika ateges ngandharaken panyaruwenipun wonten

ing sangajenging masarakat wiyar. Awit saking menika panyaruwe saged damel drajatipun ingkang dipunkritik dados mangandhap. Saking menika nalika ngandharaken panyaruwe ngginakaken *argot* supados tiyang ingkang sajawinipun *konteks* boten mangertos. Aan ngandharaken panyaruwenipun mawi tembung pertamina, ingkang ateges *per tahun minyak naik*.

2) *Akronim* 4 tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda pungkasan.

Akronim 4 tembung kanthi proses pandhapuking wanda wiwitan-wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda pungkasan inggih menika bilih anggenipun nyekak awujud *akronim* menika tembung sepisanan dipunpendhet wanda wiwitan. Tembung kaping kalih dipunpendhet wanda wiwitan. Tembung kaping tiga dipunpendhet wanda wiwitan, lan tembung kaping sekawan dipunpendhet wanda pungkasan.

a) *Akronim* 4 tembung wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah.

Gayut kaliyan basa *argot* 4 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda wiwitan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks:Aan ngandharaken bilih Andi menika remen pacaran kaliyan randha.

Aan : “Mbok golek sing prawan, bocah kok seneng banget karo randha, dhasar **koperasi**”.

Andi : “Randha enom, seksi meneh ora masalah toh...”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **koperasi**. Koperasi kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknanipun. Sejatosisipun koperasi gadhah makna salah satunggaling klompok ingkang gadhah ancas damel *kesejahteraan* anggotanipun. Nanging wonten ing tembung *argot*, koperasi ewah maknanipun dados wujud *akronim*, inggih menika komunitas pecinta randha seksi.

Proses pandhapuking tembung koperasi menika saking tembung sepisanan **komunitas**, dipunpendhet wanda wiwitan **ko-**. Tembung ingkang kaping kalih **pecinta**, dipunpendhet wanda wiwitan **pe-**. Tembung ingkang kaping tiga inggih menika **randha** dipunpendhet wanda wiwitan **ra-**. Tembung ingkang kaping sekawan inggih menika **seksi**, dipunpendhet wanda pungkasan **-si**. Menawi tembung sepisanan dumugi tembung kaping tiga menika dipunpendhet wanda wiwitan, lajeng tembung ingkang kaping sekawan menika dipunpendhet wanda pungkasan mujudaken tembung **koperasi**.

Saking tembung **koperasi** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah. Dipunginakaken kanthi ancas nguda raos kanthi boten langsung dhateng wawan wicara. Dipunginakaken amargi kabiji langkung tumuju ing manahipun tiyang nalika nguda raos. Panutur menika rumaos rikuh menawi badhe ngandharaken yen lawan tutur menika remen kaliyan randha. Saengga panutur ngginakaken tembung koperasi menika amakili manahipun.

3) *Akronim* 4 tembung wanda wiwitan – wanda pungkasan – wanda wiwitan – wanda pungkasan.

Akronim 4 tembung kanthi proses pandhapuking wanda wiwitan-wanda pungkasan – wanda wiwitan – wanda pungkasan inggih menika bilih anggenipun nyekak awujud *akronim* menika tembung sepisanan dipunpendhet wanda wiwitan. Tembung kaping kalih dipunpendhet wanda pungkasan. Tembung kaping tiga dipunpendhet wanda wiwitan, lan tembung kaping sekawan dipunpendhet wanda pungkasan.

a) *Akronim* 4 tembung wanda wiwitan – wanda pungkasan – wanda wiwitan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah.

Gayut kaliyan basa *argot* 4 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda wiwitan – wanda pungkasan– wanda wiwitan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Yogi ngandhar

Yogi : “Ohh.. si **Ali Vino**, anak cilik vikiran porno”

Andi : “Wahaha kok cocok karo jenenge yaa”

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **Ali Vino**. Ali Vino kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknanipun. Sejatosipun Ali Vino gadhah makna nami salah satunggaling tiyang wonten ing Dhusun Denggung kasebat. Nanging

wonten ing tembung *argot* , Ali Vino ewah maknanipun dados wujud *akronim*, inggih menika anak cilik vikiran porno.

Proses pandhapuking tembung minak jinggo menika saking tembung sepisanan *anak*, dipunpendhet wanda wiwitan *a-*. Tembung ingkang kaping kalih *cilik* dipunpendhet wanda pungkasan *-lik*, kanthi ngicali fonem *-k-*, satemah dados wanda *-li*. Tembung ingkang kaping tiga *pikiran*, kanthi ewah-ewahan fonem *-p-* dados *-v-*, satemah dados tembung *vikiran* lajeng dipunpendhet wanda wiwitan *vi-*. Tembung ingkang kaping sekawan *porno*, dipunpendhet wanda pungkasan *-no*. Menawi tembung sepisanan dipunpendhet wanda wiwitan. Tembung kaping kalih dipunpendhet wanda pungkasan. Tembung kaping tiga dipunpendhet wanda wiwitan, saha tembung kaping sekawan dipunpendhet wanda pungkasan, mujudaken tembung **Ali Vino**.

Saking tembung **Ali Vino** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah. Pangrasaning manah tertamtu biasanipun angel menawi badhe dipunadharaken kanthi langsung, awit amargi rasa isin, utawi rasa rikuh boten tega, saengga dipunpadosi tetembungan ingkang mligi ingkang saged nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah. Wonten ing bab menika panutur rumaos rikuh badhe ngandharaken bilih tiyang ingkang dipunmaksud menika tasih alit ananging pikiranipun sampun saru utawi *porno*.. Tembung Ali Vino menika kaanggep saged tumuju ing manahipun lawan tutur kanthi boten wonten raos rikuh.

4) *Akronim* 4 tembung wanda pungkasan – wanda pungkasan – wanda pungkasan – wanda pungkasan.

Akronim 4 tembung kanthi proses pandhapuking wanda pungkasan -wanda pungkasan– wanda pungkasan – wanda pungkasan inggih menika bilih anggenipun nyekak awujud *akronim* menika tembung sepisanan dumugi tembung ingkang kaping sekawan, sedaya dipunpendhet wanda pungkasan.

a) *Akronim* 4 tembung wanda pungkasan – wanda pungkasan – wanda pungkasan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah.

Gayut kaliyan basa *argot* 4 tembung ingkang proses pandhapuking mawi wanda pungkasan – wanda pungkasan– wanda pungkasan – wanda pungkasan ingkang gadhah *fungsi* nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Yogi paring pitakenan dhumateng Wawan, Juraganipun Wawan badhe dhateng pundi.

Yogi : “Wan, kae juraganmu, **Tuan Sinyo** arep menyang ngendi kok besus”

Wawan : “ Embuh, ora ngurus...”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **Tuan Sinyo**. Tuan Sinyo kalebet basa *argot* amargi tembung menika sejatosipun boten gadhah makna. Nanging wonten ing tembung *argot* , Tuan sinyo gadhah makna enggal dados wujud *akronim*, inggih menika Untu Kedawan Gusi Menyonyo.

Proses pandhapuking Tuan Sinyo menika saking tembung sepisanan *untu*, dipunpendhet wanda pungkasan *-tu*. Tembung ingkang kaping kalih *kedawan* dipunpendhet wanda pungkasan *-wan*, kanthi ngicali fonem *-w-*, satemah mujudaken wanda *-an*. Tembung ingkang kaping tiga *gusi* dipunpendhet wanda pungkasan *-si*. Tembung ingkang kaping sekawan *menyonyo*, dipunpendhet wanda pungkasan *-nyo*. Menawi tembung sepisanan dumugi tembung kaping sekawan dipunpendhet wanda pungkasan, mujudaken tembung **Tuan Sinyo**.

Saking tembung **Tuan Sinyo** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah. Pangrasaning manah tertamtu biasanipun angel menawi badhe dipunadharaken kanthi langsung, awit amargi rasa isin, utawi rasa rikuh boten tega, saengga dipunpadosi tetembungan ingkang mligi ingkang saged nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah. Wonten ing bab menika panutur rumaos rikuh badhe ngandharaken bilih tiyang ingkang dipunmaksud menika gadhah *kondisi fisik* ingkang kados dipunandharaken. Tembung Tuan Sinyo menika kaanggep saged tumuju ing manahipun lawan tutur kanthi boten wonten raos rikuh.

- 5) *Akronim* 4 tembung aksara wiwitan – aksara wiwitan – aksara wiwitan – aksara wiwitan.

Akronim 4 tembung kanthi proses pandhapuking aksara wiwitan- aksara wiwitan – aksara wiwitan – aksara wiwitan inggih menika bilih anggenipun nyekak awujud *akronim* menika saking aksara wiwitan. Sae ingkang tembung

sepisanan, tembung ingkang kaping kalih, tembung ingkang kaping tiga menapa dene tembung ingkang kaping sekawan

- a) *Akronim* 4 tembung aksara wiwitan – aksara wiwitan – aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah *fungsi* nedahaken solah bawa utawi pangrasaning manah..

Gayut kaliyan basa *argot* 4 tembung ingkang proses pandhapuking mawi aksara wiwitan – aksara wiwitan– aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah *fungsi* nedahaken solah bawa utawi pangrasaning manah, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Salman paring pitakenan dhumateng Jaka, kok boten nate sumerep

Sodiq, Jaka mastani bilih Sodiq menika bocah lali omah.

Salman : “Aku kok ora tau weruh Sodiq to...”

Jaka : “Karang bocah **OBLO**, ya pantes wae ora tau bali”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **OBLO**. OBLO kalebet basa *argot* amargi tembung menika gadhah teges enggal. Sejatosisipun tembung OBLO boten gadhah makna. Nanging wonten ing tembung *argot* , OBLO mujudaken cekakan enggal inggih menika Organisasi Bocah Lali Omah.

Proses pandhapuking tembung sumitro menika saking aksara sepisanan **O**, dados cekakan **Ojo**. Aksara kaping kalih inggih menika aksara **S**, dados cekakan **Senggol**. Aksara kaping tiga inggih menika aksara **I**, dados cekakan **Iki** . Aksara kaping sekawan inggih menika aksara **S** dados cekakan **susu** . Menawi aksara

sepisanan dumugi aksara kaping sekawan menika dipunpendhet aksara wiwitan sedaya, mujudaken tembung *OSIS*.

Saking tembung *OSIS* menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika nedahaken solahbawa utawi pangrasaning manah. Pangrasaning manah tertamtu biasanipun angel menawi badhe dipunadharaken kanthi langsung, awit amargi rasa isin, utawi rasa rikuh boten tega, saengga dipunpadosi tetembungan ingkang mligi ingkang saged nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah. Wonten ing bab menika panutur rumaos rikuh badhe ngandharaken bilih tiyang ingkang wonten jejeripun nyikut perangan susu (*payudara*). Tembung *OSIS* menika kaanggep saged tumuju ing manahipun lawan tutur kanthi boten wonten raos rikuh.

2. Wujud *Singkatan*

Singkatan inggih menika cekakan ingkang awujud aksara utawi gabungan aksara sae ingkang dipunpocapaken setunggal mbaka setunggal kadosta MPR, SMP, menapa dene ingkang sanes, kadosta lsp. Adhedasar andharan kasebat, *singkatan* mujudaken cekakan tembung ingkang kedadosan saking setunggal aksara utawi langkung. Kanthi mekaten, *singkatan* minkaping *proses* pandhapuking ingkang arupi aksara utawi *gabungan* aksara, sae ingkang dipuneja menapa dene boten Surana (1985:182).

a. Wujud *Singkatan* 2 tembung

Wujud *singkatan* tembung *argot* ingkang kedadosan saking 2 tembung biasanipun mendhet saking *singkatan* ingkang sampun wonten, ananging

maknanipun ewah utawi proses pandhapuking menika dipunplesetaken. Wonten ugi wujud *singkatan argot* ingkang sejatosipun boten wujud *singkatan* nanging dipunplesetaken ugi dados cekakan kados dene *singkatan*. Wujud menika mligi kedadosan saking 2 tembung, boten langkung saking 2 tembung.

1) Wujud *Singkatan* 2 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan

Singkatan 2 tembung kanthi proses pandhapuking aksara wiwitan-aksara wiwitan inggih menika bilih anggenipun nyekak awujud *singkatan* menika saking aksara wiwitan. Sae ingkang tembung sepisanan menapa dene tembung ingkang kaping kalih.

a) Wujud *Singkatan* 2 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan ingkang gadhah *fungsi* damel tetembungan kasar dados keningal langkung alus.

Gayut kaliyan basa *argot* 2 tembung ingkang proses pandhapuking mawi aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah *fungsi* damel tetembungan kasar dados keningal langkung alus, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Andi ngandharaken bilih wonten tiyang mrongos ingkang nyolong pisang.

Andi : “Si Mrongos mau esuk wis nyolong gedhange Budhe Sud lho”.
Jaka : “Owalah bocah **MA** kae to biyangane ki”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **MA**. **MA** kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknanipun. Sejatosipun makna saking tembung **MA**

inggih menika cekakan saking *Master of Arts*. Nanging wonten ing tembung *argot*, MA ewah wujud cekakanipun inggih menika Mrongos Ajeg.

Proses pandhapuking tembung MA menika saking tembung sepisanan *mrongos*, dipuncetak dados aksara wiwitan **M-**. Tembung ingkang kaping kalih *ajeg*, dipuncetak dados aksara wiwitan **A-**. Menawi tembung sepisanan saha tembung kaping kalih menika dipunpendhet aksara wiwitan sedaya, mujudaken tembung MA.

Saking tembung **MA** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika damel tetembungan ingkang kasar dados ketingal langkung alus. Andi ngginakaken tembung *mrongos*, nanging Jaka ngginakaken tembung MA. Ngginakaken tetembungan MA menika boten nglarani manahipun liyan, boten kados Andi ingkang ngandharaken mawi tembung *mrongos*.

b. Wujud *Singkatan* 3 tembung

Wujud *singkatan* tembung *argot* ingkang kedadosan saking 3 tembung biasanipun mendhet saking *singkatan* ingkang sampun wonten, ananging maknanipun ewah utawi proses pandhapuking menika dipunplesetaken. Wonten ugi wujud *singkatan argot* ingkang sejatosipun boten wujud *singkatan* nanging dipunplesetaken ugi dados cekakan kados dene *singkatan*. Wujud menika mligi kedadosan saking 3 tembung, boten langkung saking 3 tembung.

1) Wujud *Singkatan* 3 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan – aksara wiwitan.

Singkatan 3 tembung kanthi proses pandhapuking aksara wiwitan-aksara wiwitan – aksara wiwitan inggih menika bilih anggenipun nyekak awujud *singkatan* menika saking aksara wiwitan. Sae ingkang tembung sepisanan, tembung ingkang kaping kalih, menapa dene tembung ingkang kaping tiga.

- a) Wujud *Singkatan 3* tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ndadosaken lucu.

Gayut kaliyan basa *argot 3* tembung ingkang proses pandhapuking mawi aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ndadosaken lucu tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Andi ngandharaken bilih bakul roti ideran anggenipun nyambutdamel

wekdal sonten

Andi : “**BRI** ning udu bank, kae le nyambutgawe yen sore wong Bakul Roti Ideran”.

Jaka : “Owalah pantes, gene munine pegawe BRI makane aku kaget”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **BRI**. BRI kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknanipun. Sejatosipun makna saking tembung BRI inggih menika cekakan saking *Bank Rakyat Indonesia*. Nanging wonten ing tembung *argot*, BRI ewah wujud cekakanipun inggih menika Bakul Roti Ideran.

Proses pandhapuking tembung BRI menika saking tembung sepisanan *bakul*, dipuncetak dados aksara wiwitan **B-**. Tembung ingkang kaping kalih *roti*, dipuncetak dados aksara wiwitan **R-**. Tembung ingkang kaping tiga *ideran*, dipuncetak dados aksara wiwitan **I-**. Menawi tembung sepisanan dumugi

tembung kaping tiga menika dipunpendhet aksara wiwitan sedaya, mujudaken tembung BRI.

Saking tembung **BRI** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika ndadosaken lucu. Dipundamel namung kangge ndadosaken lucu nalika wicantenan kanthi basa ingkang nganeh-anehi saha kangge ndadosaken tiyang gumujeng awit boten wonten ancas utawi ayahan tartamtu.

b) Wujud *Singkatan* 3 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ngandharaken pasemon.

Gayut kaliyan basa *argot* 3 tembung ingkang proses pandhapuking mawi aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ngandharaken pasemon, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Andi ngandharaken bilih Novi nonton boten ngajak Andi.

Andi : “Oo dadi ngana, yen nonton nonton dhewe, **RJJ**”.

Novi : “Lha aku bablasan saka kuliyah”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **RJJ**. RJJ kalebet basa *argot* amargi tembung menika mujudaken makna enggal. Sejatosipun tembung RJJ menika boten gadhah makna menapa dene cekakan. Nanging wonten ing tembung *argot*, RJJ mujudaken makna enggal inggih menika Ra Jak Jak.

Proses pandhapuking tembung RJJ menika saking tembung sepisanan *ra*, dipuncetak dados aksara wiwitan **R-**. Tembung ingkang kaping kalih *jak*,

dipunccekak dados aksara wiwitan *J-*. Tembung ingkang kaping tiga *jak*, dipunccekak dados aksara wiwitan *J-*. Menawi tembung sepisanan dumugi tembung kaping tiga menika dipunpendhet aksara wiwitan sedaya, mujudaken tembung RJJ.

Saking tembung **RJJ** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika ngandharaken pasemon. Dipunginakaken kanthi ancas nguda raos kanthi boten langsung dhateng wawan wicara. Pasemon menika dipunginakaken amargi kabiji langkung tumuju ing manahipun tiyang nalika nguda raos. Panutur ngginakaken tembung RJJ amargi lawan tutur menika nonton film dhateng bioskop ananging boten ngajak dhateng panutur.

- c) Wujud *Singkatan* 3 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah *fungsi* nyingidaken sawijining prekawis.

Gayut kaliyan basa *argot* 3 tembung ingkang proses pandhapuking mawi aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah *fungsi* nyingidaken sawijining prekawis, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Heri ngandharaken bilih yen boten kulina, ampun ngombe Bir campur

anggur.

Heri : “Yen ora kulina aja ngombe **BCA**”.

Jaka : “Nyicipi oleh apa ora?”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **BCA**. **BCA** kalebet basa *argot* amargi tembung menika ewah maknaipun. Sejatosisipun makna saking tembung **BCA**

inggih menika cekakan saking *Bank Central Asia*. Nanging wonten ing tembung *argot*, BCA ewah wujud cekakanipun inggih menika Bir Campur Anggur.

Proses pandhapuking tembung BCA menika saking tembung sepisanan *bir*, dipuncetak dados aksara wiwitan **B-**. Tembung ingkang kaping kalih *campur*, dipuncetak dados aksara wiwitan **C-**. Tembung ingkang kaping tiga *anggur*, dipuncetak dados aksara wiwitan **A-**. Menawi tembung sepisanan dumugi tembung kaping tiga menika dipunpendhet aksara wiwitan sedaya, mujudaken tembung BCA.

Saking tembung **BCA** menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenan wonten ing nginggil manggihaken *fungsi* panganggening basa *argot*. *Fungsi* panganggening basa menika nyingidaken sawijining perkawis. Nyingidaken sawijining perkawis supados tiyang saking sakjawinipun klompok boten mangertosi bilih BCA menika cekakan saking bir campur anggur.

d) Wujud *Singkatan* 3 tembung aksara wiwitan-aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ngandharaken panyaruwe utawi kritik.

Gayut kaliyan basa *argot* 3 tembung ingkang proses pandhapuking mawi aksara wiwitan – aksara wiwitan ingkang gadhah *fungsi* ngandharaken panyaruwe utawi kritik, tuladha pethikan tuturanipun kados wonten ing ngandhap menika.

Konteks: Heri maringi panaruwe supados Yogi menawi mbeta cewek menika kedah ijin, boten namung cangking, ciak, plencing (boten ijin).

Heri : “Mbok sing tanggung jawab, ora mung **CCP**”.
Yogi : “Halah kesusu, sesuk meneh”.

Saking pethikan pawicantenan ing nginggil menika kapanggihaken basa *argot*. Tembung kasebut inggih menika **CCP**. CCP kalebet basa *argot* amargi tembung menika mujudaken makna enggal. Sejatosisipun tembung CCP menika boten gadhah makna menapa dene cekakan. Nanging wonten ing tembung *argot*, CCP mujudaken makna enggal ingkang awujud *singkatan* inggih menika Cangking, Ciak Plencing.

Proses pandhapuking tembung CCP menika saking tembung sepisanan *cangking*, dipuncetak dados aksara wiwitan **C-**. Tembung ingkang kaping kalih *ciak* dipuncetak dados aksara wiwitan **C-**. Tembung ingkang kaping tiga *plencing*, dipuncetak dados aksara wiwitan **P-**. Menawi tembung sepisanan dumugi tembung kaping tiga menika dipunpendhet aksara wiwitan sedaya, mujudaken tembung CCP.

